№11 (19895) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ

ХIАКЪИКЪАТ

МАГІАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

22 март 2024 с. рузман

## ХIисабал ва хIасилал

# Дармил рукъзабахъ магIида бани цIалиладай халкъалъ газета?



21 марталда ДРялъул хIукуматалъул минаялъуб тIобитIана республикаялда къватIире риччалел газет-журналазул суалал ва масъалаби гьоркьор лъураб данделъи. Газетазе подписка гьабиялъул ва гьезул букIинеселъул хIакъалъулъ бицун гIемерал суалал рорхана гьенир.

Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна республикаялъул хIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасги.

- Республикаялда къватIире риччалел газетазулгун журналазул къисматалъул ва гьез нилъер гIумруялда жаниб кколеб бакIалъул цебеги гIемер бицана батIи-батIиял семинаразда, форумазда ва цогидалги тадбиразда. Халкъалъул рукIа-рахъиналъул, гIадамазул гIунгутIабазул, дандчIвалел захIмалъабазул ва гIузрабазул суалал рорхи гуребги, жакъа республикаялъул газетазгун журналаз кIудияб бутIа лъолеб буго бакътIерхьул пачалихъаз нилъеда данде лъазабун бугеб информациялъулабгун политикияб рагъул хIакъикъат халкъалда битIун бичIчIизабиялда жанибги. Гьелъухъги гьезие баркала буго, - ян абуна премьерас.

Газетазегун журналазе гьабулеб подписка цIикIкIиналъул мурадалда, халкъалъ гьел цIализелъун лъикIаб букIинаан гIемерав чи данделъулел бакIазда, мисалалъе, дармилал центразда, чIахIиял тукабазда гьел лъолеб къагIида гьабуни. Гьединаб къагIида цебеги хIалтIизабулаан ва гьанжеги гьелде тIадруссани пайда букIинаанин абураб пикру загьир гьабуна ГI. ГIабдулмуслимовас.

*Ашахан ЮСУПОВ*

## МугIалимзабазул къец

# Рахьдал мацIалъул бицун лъикIай мугIалим – БакьайчIиса Асият ХIусенова

21 марталда ДРялъул Лъай кьеялъул министерствоялда хIасилал гьаруна бищун лъикIав рахьдал мацIалъул учитель тIаса вищулеб республикаялъулго къецалъул.

ТIоцебесеб бакIалде ячIана Хунзахъ районалъул бекьечIдерил ГIарада хъутаналъул школалъул авар мацIалъул мугIалим Асият ХIусенова. КIиабилеб бакI ккуна МахIачхъалаялъул №12 школалъул тумазул мацIалъул мугIалим Аксана Паталиевалъ.

Лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Дербенталдаса азербайжан мацIалъул мугIалим Рейгьанат Шахбазова.

Конкурсалъул ахирисеб этапалда гIахьалчагIаз рихьизаруна мастер-классал. Бергьенлъи босаразе ва финалистазе кьуна дипломал ва гIарцулал сайгъатал.

Асият ХIусеновалъ гIахьаллъи гьабизе буго исана хаслихъе тIобитIулеб гьеб конкурсалъул ТIолгороссиялъул этапалдаги.

Гьеб конкурсалъул жюриялда вукIана «ХIакъикъат» газеталъул хIалтIухъан (гьединго МахIачхъалаялъул 11 гимназиялъул учитель) МухIамад Манапов. Гьединлъидал мугIалимзабазул гьеб къецалъул бицун, гьес хъвараб макъала цIале газеталъул 4 - абилеб гьумералда.

*(Хадусеб 4-аб. гьумералда)*



## Пикрабазул карачел

### КочIохъаби чIвала, кучIдул хутIула…



3 гьум. >>>

## Гьудуллъиялъул къо

### Крымалъухъе бегьараб квер



5 гьум. >>>

## ТIогьиллъарал тIанчал

### Унсоколоса местIер



9 гьум. >>>

# ГъастIа цIа гьечIони, тIохда кIкIуй букIунаро

**19 марталда ДРялъул бетIер Сергей Меликовас тIобитIана Оперативияб штабалъул данделъи. Гьениб бицана РФялъул президентасул рищиязул хIасилазулги, ихдал гIолилал армиялде ахIиялъулги, къватIул гьабзазулги ва цогидал масъалабазулги хIакъалъулъ.**



## Ихдалилаб призыв

Апрелалда байбихьизе буго гIолилал армиялде ахIиялъул тадбир. Гьеб рахъалъ республикаялда бугеб хIалалъул хIакъалъулъ бицана ДРялъул рагъулав комиссарасул ишал тIуралев Замирбек Курабековас.

«Цересел соназдаги армиялде гIолилал ахIиялъул лъикIаб хIасил букIана республикаялда. Призывалъулаб комиссиялда гъорлъ рукIине ккола жамгIиял идарабазулги росабазул жамагIатазулги вакилзаби. ГIицIго спортсменал гурелги, гьеб ишалда гIахьал гьаре СВОялдаса тIадруссарал аскариялги насихIатчагIигун педагогалги», - ян бицана С. Меликовас.

## Рищиязул хIасил

Россиялъул президентасул рищиял тIоритIиялъул мурадалда Дагъистаналда гIуцIун букIана 1917 рищиязул комиссия. Гьелъул членлъун вукIана 14 азаргогIанасев чи. Избирателазул сияхIалда вукIана миллионгун 708 азарго чи. Гьез гьаркьал кьуна рищиязул 1862 участокалда. Гьениб букIана 137 КОИБ ва сордо-къоялъ чIечIого хIалтIулеб 1376 видеокамера. Рищиязул хIакъалъулъ баянал кьолел рукIана регионалиял СМИязул нусгоялдаса цIикIкIун журналистас.

> Республикаялда рищиязда хурхун гIадлу хвезабиялъул цониги хIужа ккечIо. Владимир Путиние гьаракь кьуна Дагъистаналъул избирателазул 92, 12 проценталъ.

Данделъиялда бицухъе, республикаялда рищиязда хурхун гIадлу хвезабиялъул цониги хIужа ккечIо. Владимир Путиние гьаракь кьуна Дагъистаналъул избирателазул 92, 12 проценталъ.

## КъватIул гьабзазул тIалаб

Гьеб буго гIемер борхараб суал. «ХIакъикъаталдаги» хъван букIана хважаин гьечIого хутIарал рукъалъул хIайванал хьихьиялъул мурадалда питомникал разе тадбирал гьареян шагьаразул бутIрузда лъазабунин С. Меликовасин абун. Щибха гьабун бугеб? ДРялъул вице-премьер Нариман ГIабдулмутIалимовас бицухъе, Дагъистаналда буго хважаин гьечIого хутIарал рукъалъул хIайванал ккеялъеги, гьезие дару-сабаб гьабиялъеги ва цогидал тадбирал гьариялъеги квербакъулеб пачалихъияб программа. «Гъоркьиса вакцина гьабуна ункъазаргогIанасеб къватIул гьвеялъе. Гьел ккезеги гьезие дару-сабаб гьабизеги бюджеталдаса кьуна 82 миллионалдаса цIикIкIун гъурущ. Дербенталда балеб буго хасаб приют (180 гьвеялъе бакI бугеб). Жеги базе ккола муниципалитетазда гьоркьосеб кIиго приют – 600 бакI бугеб, ай МахIачхъалаялда ва Гъизляралда. Микьго муниципалитеталда хIадурун буго заманаялъ хIайванал хьихьулеб приют», - ан бицана вице-премьерас.

## Дагъистаналда – «Профессионалитет»

Дагъистаналда гIумруялде бахъинабулеб буго «Профессионалитет» абураб федералияб проект. Гьелда рекъон кIвар кьолеб буго гьабсагIаталда экономикаялъе хIажатал махщелчагIи хIадуриялде.

Проекталда гIахьаллъиялъул мурадалда Россиялъул Лъай кьеялъул министерствоялде кьун буго 11 хитIаб (2022-2024 соназда) ва гьезул кIигояб кьабул гьабун буго. ХутIаразухъ халгьабулеб бугин федералияб министерствоялъилан бицана ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министрасул ишал тIуралей Аида ТIалхIатовалъ.




2022 соналда федералияб министерствоялъ къабул гьабуна «Росдал магIишат» абураб лъай кьеялъулгун производствоялъулаб кластер. Гьелъухъ грант кьуна ва проект гIумруялде бахъинабулеб буго Ш. ШихсагIидовасул цIаралда бугеб Росдал магIишаталъул колледжалъ. Исана федералияб проекталда рекъон цIалулев вуго 2500 студент.

2023 соналда бергьана туризмалъе хIажатал махщелчагIи хIадуриялъул проект. 2024 соналъул сентябралда гьелда рекъон цIализавизе вуго 543 чи.

## ЖКХялъул хъулухъал ва тарифал цIикIкIинари

Дагъалъ цебе коммуналиял хъулухъазухъ бакIарулеб мухь цIикIкIинабиялъе гIилла баян гьабуна С. Меликовас. Тарифал цIикIкIинаруна предприятиязе ва гIадатиял гIадамазухъа босулеб мухь бецIизе бугин федералиябги регионалиябги бюджетаздасаян абуна гьес.



Тарифал цIикIкIинарун руго ЖКХялда гьабулеб реформаялъул хIасилалда. «АнцI-анцI соназ ЖКХ хIалтIана жалго бетIергьанал идарабазул мурадазе гIоло. Жидее гьарурал хъулухъазухъ гIадамаз мухь кьолеб букIана, амма гьезие щолел рукIинчIо лъикIаб даражаялъул хъулухъал. Щвараб гIарацги букIине кколеб бакIалде унеб букIинчIо. Гьайгьай, лъицаниги пикру гьабулароан хъулухъазул даража камил гьабиялъул мурадалда тарифал цIикIкIинариялъулги. Лъим, ток ва хинлъи чIезабиялъеги, басралъараб, хвараб къачIаялъеги гIарац гIолеб букIинчIо», - ян бицана Сергей Меликовас.

Гьанже, федералияб кумек щведал, рес буго рехсараб магIишат цIигьабизе: лъел мухъазде – кIиго миллиардгIанасеб гъурущ хIалтIизабизе, миллиардалдаса цIикIкIун гъурщихъ хинлъи кьолеб къагIида къачIазе ва бащдаб миллиардалъухъ – хIажатаб техника босизе. РакIалда буго теплосетазул 300 км къачIазеги. ЦIикIкIинаризе руго коммуналиял хъулухъазул хIалтIухъабазул харжал: уборщиказул, сантехниказул, электриказул.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

## ДАНДЕРИЖИ

# Адрес мекъи ккун

**«ХIакъикъаталъул» цебесеб номералда хъван букIана Юстициялъул министерствоялъул хIукмуялдалъун имам Шамилил цIаралда рагьараб халкъазда гьоркьосеб фонд къанилан.**

Кьун букIана гьелъул нухмалъулев ГIалиасхIаб Хархачаевасул пикруги.

Гьанже редакциялде бачIана жибго Юстициялъул министерствоялъул Дагъистаналда бугеб Управлениялдаса жаваб.

Гьелда хъвалеб буго Шамилил фондалъул документазул халгьабизе къваригIун, 2023 соналъул 17 марталда Управлениялъ гьенибе битIараб кагътие жаваб щвечIилан. Цинги цIидасан битIун буго цойги кагъат. Цебеккун бихьизабураб адресалда рекъон фондги батичIого, гьеб тIадбуссун бачIаниланги абулеб буго Управлениялъул баяналда.

ПалхIасил, гьеб баяналда рекъон, хъвай-хъвагIай гьабураб бакI мухIкан гьабун батичIолъиялъ къотIун буго Кировский районалъул судалъ фонд къазе хIукмуги.

## САНКЦИЯЛ САБАБЛЪУН

# Керимовасул гама хираго чIана Байдение

**Санкциял сабаблъун, Россиялъул олигарх, нилъер ракьцояв Сулейман Керимовасухъа бахъун букIараб яхта гьанже аукционалдаги лъун бичизе буго США-ялъ. Гьединаб хIукму гьабун буго Калифорния штаталъул хIакимзабаз.**

300 миллион доллаларалъул багьа бугеб гьеб яхтаялъе хъулухъ гьаби цIакъго хираго чIолеб бугин абулеб буго гьез. Щибаб моцIалъ гьелда тIад харж гьабизе кколеб буго 600 000 доллар ялъуни лъагIалие анкьо миллион доллар.



Гьединал харжалги гьарун жидее гьеб яхта хIажат гьечIин лъазабуна Калифорниялъул тIадчагIаз.

100 метралъул халалъи бугеб, киналго санагIалъабигун шартIал чIезарураб яхта Керимовасухъа бахъун букIана 2022 соналда, санкциязул базар тIадбан унеб, гIалагьважа гIемераб заманалда. Гьелдаса нахъе гьеб букIана Сан-Диегоялъул порталда.

Нужедаго бихьун букIине гьале суратги лъолеб буго гьеб яхтаялъул.

*Ашахан ЮСУПОВ*

## БАЯН

**125 азарго.** ГIемерал лъимал ругеб гьедигIанасеб хъизан буго Дагъистаналда.

# «ХIакъикъаталда» - магIарулазул диктант

**19 марталда «ХIакъикъат» газеталъул редакциялда тIобитIана магIарул мацIалда диктант хъваялъул тадбир. Гьеб букIана миллаталъул газеталъе кьучI лъуралдаса 107 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIараб дандеруссин.**

Цебеккунго лъазабун букIаниги, кIалккун моцI букIиналъги батила, рачIине ракIалда букIаразул гIемерисезул рес ккечIо тадбиралда гIахьаллъизе. Амма рачIун рукIана филологиял гIелмабазул доктор, мацIазул гIалимчи МухIамад МухIамадов, ГъоркьакIогъориб росдал школалъул директор Зада Макъсудова, МахIачхъалаялъул «Горзеленхоз» идараялъул нухмалъулесул заместитель Булач ЧIанкIалаев, «Дагъистаналъул гIолилал» газеталъул бетIерав редактор Рамазан Ражабов, Авар театралъул литературияб бутIаялъул жавабияй хIалтIухъан ИзахIат Сайпудинова, «МагIарулай» журналалъул хIалтIухъаби Умайгьанат МухIамадова ва Саида ХIамзатова, гьединго редакциялъул цо-цо хIалтIухъаби.

Диктант хъвана МахIачхъалаялъул №50 школалъул 3 классалъул цIалдохъан, ГIахьвахъ районалъул Ингердахъа **Марьям Пахрудиновалъги**.



Диктанталъе тIаса бищана газеталъул вукIарав редактор МухIамад Шамхаловасул хIакъалъулъ, мухбир МухIамадсултан Шахтамановас хъвараб макъала. Гьеб цIалана газеталъул хIалтIухъан Шамай Хъазанбиевалъ.

Киназего рекIее гIураб тадбирлъун лъугьана гьеб. Хасго диктант хъван хадуб гIахьалчагIаз бицаралъул хIисаб гьабуни, бихьана хаду-хадурги гьединалго дандеруссинал тIоритIиялъул пайда гурони, щибго зарал гьечIеблъи.

Масала, гIалимчи **Ибрагьимил МухIамадица** бицана гьадин:



- Жакъа рахьдал мацIал цIуниялде букIине кколеб кIвар кьолареб заманалда, гьелда сверухъ бергьун кIудияб хIалтIи гьабулеб бакI ккола «ХIакъикъат». Тарихалде раккани, газета гIуцIаралдаса нахъе жакъа къоялде щвезегIан гьанир хIалтIулел рукIана ва руго миллаталъул бищунго лъикIал вакилзаби. Нужеца бицунебги хъвалебги жо буго цIакъго къиматаб. Амма, пайда щиб, гьелъул магIна киназдаго букIине кколедухъ бичIчIулеб гьечIо, хасго тIадчагIазда. Хьул буго гьадинал тадбиразул кумекалдалъун, рухIияб хазиналде кIвар буссинин абураб.

**Зада Макъсудова:**



- Абула директорзабаз рахьдал мацIалъул ва адабияталъул дарсазул сагIтал цIикIкIинариялде кIвар кьолеб гьечIилан. Амма дун гьединазул сияхIалда гьоркьой гьечIо. Дица ругел ресаздаса пайда босана рахьдал мацIалъул ва адабияталъул дарсал цIунизе. Дарсазде тIадеги, класстун кватIибехун гьабулеб хIалтIуеги сагIтал рихьизаруна дица. Масала, магIарул мацIалда бачунеб театралияб кружокги буго, гьединго халкъияб кIалзул гьунар лъазабиялъул дарсалги рукIуна нижер. Умумулги лъималги гIахьаллъун гIемерал тадбиралги тIоритIула.



Дица хьихьизе рачарал лъималазда гьоркьор руго батIибатIиял миллатазул вакилзаби. Гьелги авар мацIалъул дарсазде хьвадула. Масала, бесдаллъуда хутIун дица хьихьизе ячарай цо даргиялъ авар мацIалъул диктант 4-5 къиматазда хъвала.



ПалхIасил, диктант хъваразул гIемерисезе щуйил къиматал щвана ва хаду-хадурги гьединал тадбирал тIоритIун лъикIин абураб пикру нижелъги щулалъана.

***Ашахан ЮСУПОВ***





**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

## КочIохъаби чIвала, кучIдул хутIула…

Щибалиго гIуцIиялъ лъаларо, пачалихъалъ лъаларо, 21 март бихьизабун буго Халкъазда гьоркьосеб поэзиялъул къолъун. Гьеб поэтазул къо бугин, календаралъухъги ралагьун, рахъ-рахъалде ахIун баркулел гIадамалги руго. Гьел баркабиги къабул гьарун, жал поэталин чIаралги руго. Амма дида цебе тIамизе захIмалъулеб буго гьедин жинда баркун букIарабани, щиб абилеб букIараб ХьахIабросулъа МахIмудицаяли. Санцин гьаричIого, Бекьилъе валагьун инаан Муида берчIвалеб авал балагьун.

Расулица щиб абизе букIарабали цебе тIамизе бигьалъула. Гьес абилаан поэзия щугосонил планалда рекъон хIалтIуларин. Гьелъие хасаб къоги моцIги гьечIин. Гьеб бугин чиясе талихIлъунги, тамихIлъунги, гьеб бугин рекIее рохелги пашманлъиги, поэзия бугин тIабигIат ва гьеб букIунин батIи-батIияб. Ва тIабигIаталъул гьечIин берцинаб гурони заман абун. Гьев витIун вукIинаан гьеб къиматалъулъ. Поэзия буго рекIел асар ва гьеб загьир гьабулеб къагIида. БукIунаро поэзиялъул хасаб къо, ригь, заман, цIараб болжал ва нилъеца ахIун бачIин ва нахъе хьамун нилъедаса ин.

Гьеб бачIуна бакъ гIадин, цIад гIадин, накIкI гIадин, хаселгун их гIадин нилъеда гьикъичIого. Нилъ рухIдал ва хIайран гьарула гьелъул кьераз, гьелъул бакъназ, гьелъул гьаркъаз, гьелъул асаралъ ва гьеб кинабго загьир гьабизе кIолел махщелчагIаца: релъаби ратулел суратчагIаз, рагIи батулел шагIирзабаз, гьаркьал ратулел кочIохъабаз, бакънал рахъулел композитораз. Гьезухъеги гьеб бачIуна зобалаздаса, гьезда гьикъичIого. Унго-унгояб поэзия гьединаб буго, гIодовги чIун цо пуланав чияс ургъун рахъарал рагIабазул дандраял гурелха. Гьелъие цо мисал.

Машгьурав гIурусазул шагIир Михаил Светловас сардилъ сагIат кIиго тIубарабго ворчIизавун вуго телефоналъги кIалъан, цо жиндир гьудул, жинца хъвараб цIияб кечI цIализеян.

- Дуца бицунеб щиб? Гьаглъун вугищ мун? Гьаб чан тIубараб заман, сагIтихъ валагье, - ян абун буго гьудулас.

- ТIаса лъугьа, дида кколаан мун дир гьудул вугин ва гьеб «гьудуллъи» абураб жо цIараб заманалда ва болжалалда гуреб, заманалъухъ балагьичIого кидаго букIунеб жойилан, - жаваб кьун буго Светловас. Ва тIокIалъ кIалъан гьечIо дов чиясухъе. Гьеле поэзия! Гьеб шигIру бачIинги, гьеб хъвайги, хьван бахъарабго сардилъ ахIиги, инкар гьабурасе кьураб жавабги, гьеб кинабго буго унго-унгояб ПОЭЗИЯ!

РекIел асар ва гьеб загьир гьаби. Ва гьеб поэзиялъул къо баркизе ккола унго-унгоял, кучIдул хъвачIого чIезе кIоларел поэтазда гуреб, гьез хъварал асарал цIалулел, гьезул гьунаралъул къимат лъалел, гьез хъвараб цоцахъе кьолел нилъеда. Жалго шагIирзаби, сверухълъиялъе канлъиги кьун, бухIун тIагIунеб хIедул чирахъ гIадин уна, амма цIар, асар, пикру ва рагIаби хутIула. ШагIирас абухъе:

**КигIан гIемераб гьегъ гIурде баниги,**
**ГIурччинлъи ганчIалъе гьорлъан баккула.**
**Гьедин лирикагун чан дуэль ккараб**
**КочIохъаби чIвала, кучIдул хутIула…**

ШигIрабазул къогун нужеда, хIурматиял магIарулал!

# Рахьдал мацIалъул бищун лъикIай мугIалим – БакьайчIиса Асият ХIусенова

12-22 марталда МахIачхъалаялда тIобитIана «Бищун лъикIав рахьдал мацIалъул мугIалим» абураб къец. 2022 соналъ гьелъие кьуна батIияб статус. Гьеб мехалде щвезегIан гьеб ТIолгороссиялъул даражаялда тIобитIулароан. Гьелъул бакIалда, регионалияб этапалда бергьараз гIахьаллъи гьабулаан «ТIолгороссиялъул рахьдал мацIалъул мугIалимзабазул мастер-класс» абураб къецалда. Гьанжейин абуни, «ЛъагIалил учитель» конкурсго гIадин, рахьдал мацIалъул мугIалимзабазул къецги ТIолгороссиялъул даражаялда тIобитIула. Гъоркьиса гьенив гIахьаллъизе диеги рес щун букIана.

Исана регионалияб этапалда гIахьаллъана Дагъистаналъул районаздасагун шагьараздаса 32 мугIалим. Къецин абуни гIуцIун букIана щуго бутIаялдаса. ТIоцебесеб этапалда мугIалимзабаз битIизе кколаан жидерго хIакъалъулъ медиавизитка, ай лъабго минуталъул видеороликалда жаниб рагьизе кколаан рахьдал мацIалъул мугIалим хIисабалда жидерго образ.

Конкурсалда гIахьаллъана авар мацIалъул ва адабияталъул микьго мугIалим: Гъуниб районалдаса Маржанат ГIарацгIалиева, ГIахьвахъ районалдаса Пари ГIумарова, Хунзахъ районалдаса Асият ХIусенова, Хасавюрталдаса Заира Тажудинова, Казбек районалдаса Сарат Атаева, Гъизилюрталдаса Гульжан ГIумарасхIабова ва Шамил районалдаса Разият ГIабдулбасирова.

«Учитель - профессионал» абураб этап гIуцIун букIана «Методикияб мастерская» ва «Рахьдал мацIалъулгун адабияталъул дарс» абураб кIиго бутIаялдасан.

«Методикияб мастерскаялда» мугIалимзабаз бицана жидерго хIалтIулъ дандчIвалел гIузрабазул, захIмалъабазул ва гьел тIагIинаризе ратулел ругел нухазул, рахьдал мацIалъул ва адабияталъул дарсазде лъималазул гьира бижизабизе хIалтIизарулел къагIидабазул хIакъалъулъ.

Гьелъул хIасилалда 18-ясе рес щвана рахьдал мацIалъул ва адабияталъул дарс кьезе хадусеб этапалда гIахьаллъизе.

Кидаго гIадин, дарсал кьуна МахIачхъалаялъул №11 гимназиялда. Гьеб школа лъугьун буго республикаялъул даражаялда рахьдал мацIазда хурхарал тадбирал тIоритIулеб майданлъун.

Дарсазе къимат кьеялъул къагIидаги ахирал соназ батIияб хIалалда гIуцIун буго. Масала, цебе дарсие къимат кьолаан гIицIго гьеб миллаталъул вакилзабазул жюриялъ. Финалияб этапалдеги щибаб миллаталъул бищун лъикIав цо мугIалим ворчIулаан.

Гьанжейин абуни, дарсазе къимат кьола киналго миллаталъул вакилзаби гъорлъ ругеб жюриялъ. Гьеб, дир пикруялда, битIунги буго. Масала, цебе букIараб къагIидаялда рекъон, кидаго гIемер гIахьалчагIи рукIунеб магIарул мацIалъул мугIалимзабазул номинациялда чанги лъикIа-лъикIал мугIалимзабазе рес щолароан хадусеб этапалде рорчIизе. Гьанжейин абуни, киналго миллаталъул вакилзабазул рес буго хадусел бутIабаздаги гIахьаллъизе. Жюриялъул гIахьалчагIазда киназулго мацI бичIчIичIониги, методикаялъеги учителас дарс бачунеб




къагIидаялъеги къимат кьезе бажарула.

Цоялдаса цоял лъикIал, магIна гъваридал дарсал кьуна мугIалимзабаз. Гьезул щивасул гьунар гIуна загIипго гурони мацI лъаларел шагьаралъул лъимал берцинго рахьдал мацIалда гаргадизаризе.

Цоялдаса цоял лъикIал, магIна гъваридал дарсал кьуна мугIалимзабаз. Гьезул щивасул гьунар гIуна загIипго гурони мацI лъаларел шагьаралъул лъимал берцинго рахьдал мацIалда гаргадизаризе.



**Гъуниб районалъул БацIада росдал школалъул мугIалим Маржанат ГIарацгIалиевалъ** дарс кьуна ЦIадаса ХIамзатил «Гьудуллъи лъилгун кквелеб?» абураб темаялда тIасан. Лъималазда цадахъ ракIалде щвезавуна шагIирги гьесул творческияб нухги, сапар бухьана ЦIада росулъеги.

**Казбек районалдаса Сарат Атаевалъ** ракIалде щвезабуна Расул ХIамзатовасул «Къункъраби» кечI. МугIалималъ бицана гьеб хъваялъе гIиллалъун ккараб лъугьа-бахъиналъул, жакъаги асаралъул бугеб кIваралъул хIакъалъулъ.

**ГIахьвахъ районалъул ТIадмагъилъ росулъа Пари ГIумаровалъ** кьуна «РикIкIен» абураб темаялда тIасан дарс. БатIи-батIиял къагIидабиги хIалтIизарун, мугIалималъ лъималазда бичIчIизабуна рикIкIеналъул бугеб кIвар ва калам алъулъ гьеб битIун хIалтIизабизе ккей.

**Разият ГIабдулбасировалъул** лъималаз лъай-хъвай гьабуна Расул ХIамзатовасул «Вера Васильевна» абураб асаралъулгун. Бицана Вера Васильевнаялъ шагIирасул гIумруялда кколеб букIараб бакIалъул ва гьединго Дагъистаналда хIалтIулел рукIарал гIурус учительзабазул хIакъалъулъ.

**Хасавюрталдаса Заира Бадрудиновалъ** бицен гьабуна Расул ХIамзатовасул «Дагъистаналъул рохьал» абураб кочIол. Сапар бухьана шагIирасул ватIаналде. Бицана цебе ва гьанже Дагъистаналъул тарихалда лъалкI тарал машгьурал магIарулазул, ракIалде щвезаруна Кавказалъул рагъул къоял.

**ЦОДОУ ЗОЖалде гъоркьобе унеб бекьечIдерил ГIарада хъутаналдаса Асият ХIусеновалъ** бицана ЦIадаса ХIамзатил «ГIумруялъул дарсал» поэмаялъул. Гьелъул анкьабго бутIаялъул аслияб пикру буссинабурал кочIол мухъазул анализ гьабуна лъималаз дарсида.

Дарс кьун хадуб мугIалимзабаз жюриялъул гIахьалчагIазе жидерго дарсазул анализги гьабуна.

Гьедин, кьурал дарсазул хIасилалда хадусеб бутIаялде ворчIана 10 мугIалим. Ва бащдаб финалалде рорчIаразде гъорлъе ккана лъабго магIарулайги: Асият ХIусенова, Пари ГIумарова ва Разият ГIабдулбасирова.

Конкурсалъул гIуцIарухъабаз цебеккунго бихьизабураб тематикияб бихьизабиялда рекъон, гьез кьезе кколаан тарбия кьеялъул дарсал - классалъул сагIтал. Гьелъул гIаммаб темаги букIана «Дагъистаналъул халкъазул гIадатал ва маданият, гьезул хурхен ва жакъа гьелъул бугеб кIвар» абураб.

А. ХIусеновалъ цIалдохъабазе бицана биараб нах гьабулеб къагIидаялъул ва щар чIвалеб дадалъул хIакъалъулъ. П. ГIумаровалъ ракIалде щвезаруна Дагъистаналъул тарихалда лъалкI тарал бахIарзал. Р. ГIабдулбасировалъул классалъул сагIтил тема букIана «Цебеселда аскIоб жакъасебги букIуна» абураб.

Гьеб бутIаялъул хIасилал гьаридал, финалалде рорчIана щугоял. Гьезда гъоркьоре ккана Асият ХIусеноваги Пари ГIумароваги.

*МухIамад МАНАПОВ*



# Крымалъухъе бегьараб квер гъудуллъиялде буссана

**Исана марталда 10 сон тIубана Крым Россиялъул регионлъун лъугьаралдаса. 2014 соналъул ихдал, улкаялъул цогидал регионаздаса цебе, Дагъистаналъ вацлъиялъулаб квер бегьана Крымалъухъе, битIана гуманитарияб кумек. Доб мехалда Дагъистаналдаса Крымалде хIажатаб кумекги босун араб делегациялъе бетIерлъи гьабуна ДРялъул бетIерлъун вукIарав Рамазан ГIабдулатIиповасул кумекчи ГIалибег ГIалиевас. Гьес ракIалде щвезабуна Крымалъулгун Дагъистаналъул букIараб гьоркьоблъиялъул, гьенир тIоритIарал батIи-батIиял тадбиразул, гьезие гьабураб квербакъиялъул хIакъалъулъ.**

## Къварилъи ккедал лъала гъудулзаби

Украинаялъ нухги къан, экономикияб блокада букIана доб заманалда Крымалда. Гьеб мехалда республикаялъул нухмалъиялъ ва жамгIиял хIаракатчагIаз хIукму гьабуна гьенибе гуманитарияб кумек битIизе. ГIалибег ГIалиевас ракIалде щвезабуна Крымалъе Дагъистаналъ гьабураб квербакъиялъул ва цогидал гIаммал тадбиразул хIакъалъулъ.

- Дагъистаналдаса микьго КамАЗ цIурал росдал магIишаталъул нигIматалги росун щвана ниж Крымалде тIоцебесеб нухалда, - ян бицана ГI. ГIалиевас. - Доб мехалда гьениб букIинчIо кьоги. Ине кколаан паромалдаги рекIун. КIиго сордо-къоги нухда бан щвана гьенире. Дун тIоцеве щолев чи вукIана Крымалде. Жакъа гIемерисел рахъунел руго Крым Россиялде гъорлъе бачараб мехалда жидеца гьаб гьабунин, доб гьабунин абун бицине. ТIоцебе Дагъистан букIана киналниги регионазда гьоркьоса Крымалъулгун гъудуллъиялъул бухьенги гьабураб, гуманитарияб кумекги щвезабураб республика. Гьел хIикмалъунцин рукIана рикIкIадаб Дагъистаналдаса гIадамал жидехъе рачIиндал. Гьенир аскIорго ругел Ставрополь, Краснодар краялдасацин щивго щун вукIинчIо жеги гьениве.

Нижеца тIоцебе гьенибе щвезабураб гуманитарияб кумек букIана Лъималазул рукъзабахъ хьихьун ругел ятимазе. Лъабго къоялъе гIурал гурони кванил нигIматал хутIун рукIинчIин абун бицана гьез нижеда.

Нижеда лъикIаб дандчIвай гьабуна Крым республикаялъул бетIер Сергей Аксёновас, Пачалихъияб советалъул председатель Владимир Константиновас. Жидерго гIагарал чагIи гIадин къабул гьаруна. Крымалъулал цIакъ гIадатиял гIадамал ратана. Заманалдасан нижер гъудуллъи жеги щулалъана. Гьеб мехалда Крымалъул бетIер Сергей Аксёновас абун букIана: «Къварилъи ккараб къоялъ лъала гъудулзаби. Нижее захIматал къоязда чара гьечIого






хIажат букIана тIолалго россиялъулазул квербакъи», - ян. Дицаги жаваб кьуна дагъистаниязул умумулъанго батараб гIадат бугин къо ккаралъубе кумек гьабизе гIедегIулеб. Дица Дагъистаналдаса гьенире росун рукIана сайгъаталги. Гьезие кIудияб асар гьабуна Константиновасда хъахIаб буртинаги чIегIераб тахтадул тIагъурги лъун, гьале цоги кавказалъулав абун махсара гьабидал.




## 200 джип букIана

Нижеда цадахъ вукIана ДРялъул рахъалдаса Крымалъулгун миллатазда ва диназда гьоркьосел бухьенал щула гьариялъе тарав ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул гIакълучи Израил Къебедов.

Гьелдаса хадурги чанго нухалда щвана ниж гьенире гуманитарияб кумекгун ва гьоркьоблъи щула гьабиялъул мурадалда.

МухIамад аварагасул карикатураби рахъун, гьеб хабар дунялалдаго тIибитIараб заман букIана доб. Гьеб мехалдаги нилъер республикаялдаса Динияб идараялъул ва жамгIиял хIаракатчагIи ун рукIана 200 джипгун Симферополь шагьаралде. «МахIачхъала-Симферополь» автопробегалъул мурадги букIана улкаялъулго бусурбаби гьел карикатуразде данде рукIин бихьизаби. «Ниж россиялъулал руго», «Нижее авараг вокьула» абурал игIланал рукIана машинабазда чIван.

Нижеда дандчIвай гьабизе кIиго оцги хъун хIадурго ратана гьенир гIумру гьабулел Дагъистаналъул диаспораялъул гIадамалги.

Нилъерго гIаданлъиги, бусурбабазул халкъалъул къварилъиги бичIчIизабулел гIемерал сапарал тIоритIана Россиялде гъорлъе Крым бачарал тIоцересел соназда.

## Мажгитал разе квербакъи

Хадубги Сергей Аксёновас баркала загьир гьабуна Дагъистаналъе, Россиялъул регионазда гьоркьоб тIоцебе кумекалъулаб квер бегьаралъухъ. Дагъистанияз квербакъана Крымалда мажгитал разе ва цIигьаризе. Крымалъул ва Дагъистаналъул Диниял идарабаз ДРялъул президентасул администрациялъул ва Крымалъул Министрзабазул советалъул квербакъиялдалъун цадахъал диниял тадбиралги тIоритIулаан доб мехалда. Дагъистаналдаса Крымалде унаан бусурбаби хириял моцIазда батIи-батIиял тадбирал тIоритIизе. 2015-2016 соназда тIобитIана «Нилъ цолъизарулел гIаммал хIужаби» абураб тадбир. Дагъистаналъулги крымалъулазулги вукIана цоцазе гIахьалав СССРалъул бахIарчи Ахмет-хан Султан. Доб заманалда ДРялъул нухмалъиялъги муфти, шайих АхIмад-хIажи ГIабдулаевасги кIудияб кIвар кьолаан кIиябго республикаялъул халкъазул гьоркьорлъаби щула гьариялде. Гьединго Дагъистаналъул Динияб идараялъги, спорталъул гIуцIабазги, культураялъул хIаракатчагIазги, республикаялъул нухмалъиялъги кIвар кьолаан Россиялда гъорлъе бачараб цIияб регионалъе квербакъиялде.

## БахIарзалги нилъер цо руго

ГIалибег ГIалиевас ракIалде щвезабуна, ЦIияб Лак районалъул нухмалъигун ва культураялъул хIалтIухъабигун цадахъ Крымалъул Сакский районалде гьабураб сапаралъул хIакъалъулъги. Гьезда цадахъ рукIана республикаялъул депутаталги цогидал вакилзабиги. Гьеб букIана Сакский район гIуцIаралдаса 80 сон тIубаялъул юбилей. Гьеб районалъул Геройское росулъ буго Совет Союзалъул ичIго БахIарчиясе лъураб памятник. Гьезда гьоркьов вуго КIудияб ВатIанияб рагъул БахIарчи, КIаратIаса МухIамадзагьид ГIабдулманаповги.

«ГIажаиблъизе бачIана, дол лъугьа-бахъиназул байбихьудаго гьениве щварав дида Ялтаялда, ралъдал рагIалда, «Ас-салам» газеталги къвалакь ккун хьвадулев магIарулав ватидал. Нилъер Динияб идараялъ кIудияб хIалтIи гьабуна доб заманалда Крымалъул татаразулгун бухьенал щула гьариялъе. Мажгитал разе ва цогидаб кумек гьабулеб букIана гьез крымалъулазе», - ян бицана ахиралдаги ГIалибег ГIалиевас.

***П. СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***

# «Елъизеги гIедерай, гIодизеги хIадурай, хIал ккевезеги кIоларей, кIудияйги гIоларей»

**МагIарулазда гьоркьов къанагIатги ватиларо шагIир ТубхIат Зургьалова лъаларев яги гьелъул цIар ргIичIев чи. ШагIир щвечIеб цониги районги батиларо Дагъистаналда. Киса-киего – жийги йокьулеб, жиндиеги бокьулеб гIагараб халкъалъул гъасде. Жиндирго хинлъигун, махсарабигун.**

**ГьанжегIагар шагIир мустахIикълъана ХIажи МахIачевасул цIаралда бугеб халкъазда гьоркьосеб фондалъул шапакъаталъе. ТубхIатида гьебги, тIаде щолеб бугеб гьаюраб къоги, гьединго тIолгодунялалъул поэзиялъул байрамги баркулаго, бокьун буго гьелъие гьаризе дагьалги тIадегIанал ва рорхатал творчествоялъулал тIогьал мутIигI гьаризе къуват.**

**РачIаха гIенеккизе жийго шагIиралъухъги.**



**- ТубхIат, дагьай цее мун мустахIикълъана ХIажи МахIачевасул цIаралда бугеб фондалъул шапакъаталъе, ай гIарцулаб премиялъе ва Меседил медалалъе. Фондалъ тIобитIараб конкурсалда кинаб тIехьалъе бергьенлъи щвараб?**

- ГьабсагIаталдаги жигаралда хIалтIулеб, баракатаб фонд бугин абизе ккола жиндир заманалда гIелмуялдаги, лъай кьеялдаги, маданияталдаги кверчIваялъе республикаялда гIуцIараб ХIажи МахIачевасул цIаралда бугеб фонд. Дун цIаразги шапакъатазги гогьдаризаюрай шагIир гурелъул батила, гьелъул президент ПатIимат МухIамадовалъеги конкурсалъул жюриялъеги ракI-ракIалъулаб баркала кьолей йигей жакъа къоялъги.

Гьеб тIехь буго «Дир гьайбатаб Алипба» абураб цIалул пособие. Сонал анагIан, рахьдал мацIалъ кIалъалел къанагIалъулел рукIиналъ, гьеб цIунейин ахIи балезда гьорлъ дунгоги йикIиналъ, дица щибха гьабураб гьеб цIуниялъейин суал бачIани, жаваб хIисабалда хъван букIана гьеб тIехь. ШагIир ва рахьдал мацIалъул мугIалим хIисабалда, рахьдал мацI дагьаб бигьаяб къагIидаялда лъазабизе хасго шагьаралда гIолел ругел дирго миллаталъул лъималазеги, гьезул эбел-инсуеги, жалго мугIалимзабазеги кумекалъе, цIалул заведениязда гьеб хIалтIизабизе Лъай кьеялъул министерствоялъул изну букIинги бихьизабун, 2014 соналда къватIибе биччана гьеб. Республикаялда гьединаб къагIидаялъ хъварабги, лъималазе асар гьабулел, тексталде гьел цIазарулел, гьайбатал, миллияб хаслъи цIунарал суратал ругеб тIехьги цо гурони, гьечIо. ГьабсагIаталда гьелда мугъчIвай дагьабги хIажатаблъун бихьулеб бугелъул, «Дир гьайбатаб Алипба» цIехолел гIемер руго. ИчIго соналда жанир гьелги лъугIиларищха. Гьанже дица, мугIалимзабазул гьаригIакълуялдалъун, хIадурун буго дагьабги хIалтIиги тIад гьабун, методикаялъул гьумералда нилъер анцIила лъабабго хIарпалъе гIуцIараб текстги, кочIолаб азбукаялда гьоркь, малъулеб хIарп гьорлъ бугеб цо-цо кици яги бицанкIоги лъураб, цIияб «Дир гьайбатаб Алипба». Гьел текстазул мурадги буго: малъараб гурони, жеги малъичIеб магIарул хIарп гьорлъе биччачIого хъвай. ТIехь хIадурун буго. МугIалимзаби гьелъухъ ралагьун чIунги руго. Амма… Цебесеб биччазе дихъа бажараниги, гьаб нухалъ бажаризехъин гьечIо. Рокъобни бицина рахьдал мацI, амма диалектияб мацIалда миллиял газет-журналалги тIахьалги цIалун бажаруларо, миллияб радио-телевидениеги бичIчIизе захIмалъула. Гьединлъидал болмацI малъизе ккола школазда. Кьерал гьарзаго рукIиналъги цогидалъги гьеб басмаялда бахъи дагьабго хиралъун буго. Миллаталъулги гьелъул аслу – мацIалъулги ургъел кодосел цIехолей йиго. Жакъа нилъер рахьдал мацI цIунизе ккеялдаса анилан ккола. Гьеб хвасар гьабизе ккола. КIалъазе, хъвазе, цIализе – гьеб лъабабго бажарани, жакъа гIолин кколеб буго дида. Жубараб нахъбилълъараб предложение кинаб букIунебали, лъималазулни киса гурин, чIахIиязулги ургьибе унареблъиги лъала. Гьебги добги хIисабалде босун, рахьдал мацI лъазабизе лъималазул гьира букIунеб хIалалъ гIуцIараб, миллаталъе пайдайлъун йикIине дихъа бажарараб хIалтIи буго «Дир гьайбатаб Алипба».

Гьеб бичIчIараб, гьелъие къимат кьураб, республикаялъул гIелмуялъеги, лъай кьеялъеги, маданияталъеги унго-унгоги пайдаял, пачалихъиял идарабаздаса рахчун хутIарал чанги гIадамазул ракIал рохизарулеб ХIажи МахIачевасул цIаралда бугеб фондалдаги баракат тIаса унгеги.

**- ШагIир хIисабалда гурейги, мун лъала рикIкIен гIемерал адабиялги рухIиялги тIахьазул редактор хIисабалда. Дидаго бихьун лъала дуца гьеб захIматалъе кьолебщинаб дурго заманги, гьелдаго цадахъ шигIрияб гьунарги. Гьелъ квалквал гьабулеб гьечIищ, МухIамад АхIмадовас абухъе, халкъалъе хирияй шагIиралъул хъвадариялъе?**

- Гьабула. Гьелъ кванала дир заман. Амма, студентка йигеб мехалдаса нахъе 12 соналъ Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялда хIалтIарай, редактор хIисабалалда, гьеб махщалил мугIалимлъун ГIабасил МахIамад вукIарай дир гIумруялъго цадахъ хутIана редакторлъи. ТIокIаб гьабиларин йикIуна, гьарун рачIуна. ТIехьалъул ахиралда лъураб дирго цIаралъул къадру цIунизелъунги, лъебералда хадур соназ гьабун, хIалбихьи цIикIкIараб букIиналъги цIакъго тIадчIун хIалтIиялъ бахъула заманги, диего хIалтIизе хутIуларо бетIерги. Библиотекаялде гьел тIахьал щун хадуб, нагагь лъаларев автор вугони, кида бугониги, лъица бугониги гьев лъазе тIалаб гьабизе байбихьилъун букIине, гьесул хIакъалъулъ киб бугониги рехсезе кумекалъе щибаб тIехьалъе хъвала дирго лъаймахщалида рекъараб цебераI ГIиги. Гьелдаса дагьабгIаги пайда нилъер адабияталъе жакъа дидасан щолеб батиялда хьулалъ хьихьун йигоха.

**- Дур «Дун АхIулгохIалде ахIулей йиго» абураб, миллаталъул тарихалъеги гьелъул машгьурал цIаразеги сайгъат гьабураб тIехьалда буго «Макъалаби» абураб бутIа. Литературиялгун критикиял ратаниги, хъвадарухъабазул хIакъалъулъ ракIалдещвеязул ратаниги, шагIир ТубхIатица хъварал гьел руго прозаялдалъун хъварал шигIриял гIадал макъалаби. Гьезде кин мун машгъуллъарай?**

- Дун гIуна нилъер адабияталъул бищун баракатаб эпохайин абизе бегьулеб, Расулилги, Фазулги, Мусалги, Хачаловасулги, ГIабдулхIалимовасулги, Гьазимирзаевасулги, ГIадаллолги, Шахтамановасулги, Шамхаловасулги, ХIайбуллаевасулги, цогидалги, миллаталъул адабияталъул чIахIиял цIаразда цее, адабияталъул меседилаб заманалда. Жакъасебгун гьеб борцине лъугьани, кутакалда ракIбакъвала… ГьабсагIаталда кинабго сверана реццалдеги гьелдаго цадахъ цциналдеги. ГIажаибаб заман. Кинабго цадахъ пасалъана. Гьединлъидал литературияб критика чIаго гьабун бажарилародайин, яккана гьелдеги. Добго ракIбакъвай сасине, унго-унгоял, унелго унел ругел хъвадарухъабазухъ урхъи буссине гIадин, машгъуллъана гьезул хIакъалъулъ ракIалдещвеял хъвазе. Дирго проектлъун тола гьудулзабазул хIакъалъулъ ракIалдещвеял: Гь. ГьалбацIовасул, Ж. ХIасановасул, М. ПатахIовасул, М. ХIамзаевасул. Ниж адабияталде цадахъ рачIараб лъикIаб, сахаватаб заманалде щола гьанже М. ХIамзаевгун… ШигIруялдалъун хъван гIорцIуларо ракIалдещвеяз…

**- Дуца макъалаби хъвала гIурус мацIалдаги. ГьабсагIаталда Украинаялда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда хурхарал дур макъалаби рахъана «Дагъистаналъул правда» газеталдаги. Гьений ТубхIат йиго политик ва ВатIаналъул ургъалилъ йигей магIарул чIужугIадан хIисабалда. Гьединго дуца гьарурал гарачIвариялги макъалабиги рахъула «ХIакъикъаталдаги». Журналист ТубхIатги гьираялда къабул гьаюла цIалдолез. Гьеб киналъулъгоги халкъалда цере дур кIалъаязулъги мун йиго миллатги ВатIанги хирияй шагIир. Хасго ахирал соназда гьарзалъун ругел цIаралги реццалги дуе щайдай щоларел?**

- Гьезда хадуй лъугьине дихъа бажаруларого, ритIухъаб, цIан битIараб гIамал заманаялъе бегьуларого батила, гIемерисеб мехалъ халкъгун йикIун, йихьуларогоги ятила… Амма дица, дун ячIунаго, гьарзаго дие гьимулел гьурмалги, гьезда гьорлъ дир рекIее батулеб даруги киналгIаги шапакъатазухъ кьеларо.

**- ХIамзатил Расулица дунялалдаго рагIизабураб магIарул адабияталъул жакъа щиб хIал бугеб?**

- ЛъикIаб хIал бугин абизеги бегьилаан, тIадехун абухъе, чIахIиял хъвадарухъабазул заман дидаго лъалеб букIинчIебани. Бугониги, цогидал миллатазул адабияталде дандеккун, нилъер хъвадарулел чагIи гIезегIан руго. Нилъер мацIго шигIрияб бугелъул, жамгIиял гьиназде раккани, хъвадаруларев чиго гьечIин ккола. Амма унго-унгояб шигIруялъул гIелму киназдаго лъалеб гьечIо. Гьелъие гIиллабилъун рикIкIине бегьула, заманалда, адабияталъул цебетIеялда, гьварилъиялда рекъон, гьелъие хасаб лъай гьечIолъи, гьединго цIалдонгутIи. Нилъерго классиказдаса байбихьун, дунялалъулго адабият цIалунгутIи. Цоцазулцин тIахьал цIалунгутIи. Хъвалел асаралги руго жакъа гIемерисезул кучIдул. ГьечIо чIахIиял асарал, проза, драматургия, къанагIалъун буго лъималазе хъвалел асарал.

Гьелдасаги ракI бекараб суал буго адабияталде рачIунел гIолилал гьечIолъи. ЦебечIезабеха нилъерго миллаталъул адабият, гIурус мацIалдецин буссинабун бажарула-

Жубараб нахъбилълъараб предложение кинаб букIунебали, лъималазулни киса гурин, чIахIиязулги ургьибе унареблъиги лъала. Гьебги добги хIисабалде босун, рахьдал мацI лъазабизе лъималазул гьира букIунеб хIалалъ гIуцIараб, миллаталъе пайдаяйлъун йикIине дихъа бажарараб хIалтIи буго «Дир гьайбатаб Алипба».

реб чанги пикру жаниб бугеб. Махсароялъе гIадин руссинарулаан дун гьитIинаб мехалъ МахIмудил мухъал: «Меседил гIадалнах, гIарцул гвангвара, ГIададани хвечIо гIундул кьокъаб бацI…». Щиб нух батун лъикIин ургъулаго ракIалде щвана дицаго тIоцебе кечI хъваялъе гIилла. Рахьдал мацIалъул мугIалимас тIадкъана нижер анкьабилеб классалда 9 Маялда хурхун кечI гьабизе. Цин лъималазда лъазе ккелаха рахьдал мацI. Хъвана лъималаз кучIдул. Гьеб пиша гьуинлъарай дунин абуни, гьание щвана... Гьединлъидал, гIагараб мацI гуребги, нилъерго адабият цIунизегицин бажаризехъин буго рахьдал мацIалъул мугIалимасда. Гьес малъулеб предмет, ай рахьдал мацIалъул дарс лъималазе бокьизе ккани, тIоцере гьесие рокьизе ккола лъимал, рокьуца хадур цIалел, рэдиялъ гьуин гьарулел жал рукIуна гьитIичал. МугIалимас гьезулъги рокьи бижизабизе ккола рахьдал мацIалда хъварал асаразде. Гьеб мехалъ кьезе бегьула кечI гьабизе тIадкъай. Дида ракIчIун лъала, хасго магIарухъ ругел лъималазда гьорлъ кунчIун рачIине руго нилъер рукIинесел хъвадарухъабиги шагIирзабиги.

**- ТубхIат, мун йиго лъимадул гIадаб, хIеренаб, недегьаб, ракIкI гьечIеб, гвангъараб ракIалъул магIарулай. Бокьун буго, дирго цIалдохъабазе гIадин, гьадинаб тIадкъай дуеги кьезе. Дица гьаб предложение хъвала, дуца гьаб лъугIизабе: ТубхIат – гьей ккола…**

- Кидаялиго дир мугIалим ГIабасил МахIамадица абухъе, «Елъизеги гIедерай, гIодизеги хIадурай, хIал кквезеги кIоларей, кIудияйги гIоларей» гIадан. Жакъаги гьединай йиго. Амма гIумруялъ жиндирго дарсал кьуна, гIадамал хиралъиялъ, рагъараб ракIалъ цо-цо гъоркье рехана. БожутIа рекIкIалъ лъукъана. ЖахIда-хIусуд хIенсон, сардал рорчIана. МацIихъаби рихъана. РакIги тIомги тIеренай йикIиналъ, дир рекIеда ругъунал лъуниги, дица киданиги лъидениги гьаракь борхичIо, бадибчIвай гьабичIо. ХIинкъула, метер гьезие щибгIаги лъугьани, кин дица хадусеб гIумру гьабилебилан. ХIинкъичIониги, бажарулерелъул ракI лъукъун. Гьединлъидал, кьокъаб гIумруялдаги, сон цадахъ рукIараз толеб бугеб, гьими кьанагIатаб, щин гьарзаяб дунялалда, умумузулъго батараб махсара хирияб дирго гIамалальги гIадамазде рокьиялъги хьихьун йикIуна. КъватIий къварид гьаюни, рокьое лъугьунаго ахIула: дир бетIералда квер бахъизе щал ругел рокъорилан. Заманалда рекъон, гIунарал гурони гIадамал дандчIваларeб мехалъ, унел соназулги, гьарзалъарал унтабазулги гурони рагIулареб мехалъ, я таблеткаби, я давление лъаларел, дун гьитIинаб мехалъ кIариялда релъулел рукIарал, кIаркьаби багIарал херал чагIи церечIезарула. Киданиги заманги гьечIей, екерун гурони, йилълъинеги лъаларей, рекIел асаразул гьарзалъиялъ кьокъго кIалъанги бажаруларей, гьаб заманалда рекъон йикIине яхI бахъаниги, хадуй ехъерхъун хутIулей, ишал дагьал, хабар гIемерал жамгIиял гьиназда бугеб, гьел гьиназ гурони хIехьолареб, хIаталдаса араб «пиар» бихьидал, киналдасаго ракIбуссуней. Амма кутакалда дирго миллатги гьелъул тарихги хирияй… Аслияб кьагIидаялъ, гьей йикIине ккола дун.

*Гара-чIвари гьабуна*
*Шамай ХЪАЗАНБИЕВАЛЪ.*

РИЩИЯЛ: ХIАСИЛАЛ ВА ХIИСАБАЛ

# «Дир бергьенлъи буго ватIан цебетIезабиялъе байбихьи»

Гьадин абуна улкаялъул президент вициялъул рищиял лъугIун хадуб В. Путиница рищиязда рукIарал божарал вакилзабазулгун букIараб дандчIваялда.

ХIакъикъаталдаги, дунялалъул жамгIияталъ ахираб заманалда берзукьа биччалареблъун букIана нилъер улкаялда арал рищиязул суал. Америкаялъул бетIерлъиялда бакъбIерхьул пачалихъазул бутIруз, цадахъ лъугьун, хIаракат бахъулеб букIана рищиязе квалквал гьабизе, Путин Россиялъул бетIерлъун ккунгутIизе. ГьелъиегIоло гьарулел макрабиги нилъер ватIаналдехун доб «холодная война» унеб заманалдагицин рукIинчIел гIадал, гьурмада къехь бухьун хIалел тадбирал гIемер руго. Гьелде тIаде хасаб рагъулаб операцияги унеб букIаго, хIалуцараб политикияб ахIвал-хIалалда бугеб улкаялда гьелъул бетIер вищи, узухъда, бигьаяб масъала гуро. Цо-цоязда ракIалде кколебги букIана рищиязул лъикIаб хIасил букIинарин абун. Амма Дагъистаналъул халкъазул кьоккараб заманалда цолъизе, цоцалъ гъункизе бугеб хасияталъ борцарал рагIаби абураб. Гьединлъидал нилъер халкъазул гьесдехун лъикIаб бербалагьи буго.



БакIазулал избиркомазда бугеб ахIвал-хIалалъухъ халгьабулеб центр

Президентлъиялде кандидатура лъурав КПРФалъул вакил Н. Харитоновасе нилъер гьаниса щвана 5,16, ЛДПРалъул бетIер Л. Слуцкиясе - 1,53, «ЦIиял гIадамал» партиялъул вакил В. Даванковасе - 0,66 процент гьаркьазул.




Хьаргаби районалъул ГIаймаки росулъ рищиял унел руго

жиндирабго бихьизабуна. Рищиязда гIахьаллъи гьабуна гьаракь кьезе ихтияр бугезул 90 проценталъ. Гьеб буго халкъалъул политикияб лъадариялъул, улкаялъул тIалабагъаз гьабиялъул лъикIаб гIаламат. Мекъи букIинаро нилъер халкъазул гьеб хасият Россиягун цадахълъаралдасаго бугеб тарихалда цIакъго мухIканго бихьулин абуни. Гьединабго ахIвал-хIал букIанин абизе бегьула 1999 соналъул август-сентябрь моцIазда Дагъистаналде хъачагъал кIанцIараб мехалдаги.

Политикияб кIвар бугел гьал рищиязда гIахьаллъарал дагъистаниязул 92,12 проценталъ гьаракь кьуна В. Путиние. Гьебги гIажаибльи гьабизе ккараб жо гуро, щайгурелъул дида Россиялъул цоги субъект лъаларо Дагъистаналде гIадин гьев 4-5 нухалда щвараб, дагъистаниязул хIакъалъулъ гIадин гьес берцинал, нилъер бахIарчилъи Россиялъул президентасе къватIисел пачалихъаздагицин кьуна цIикIкIун гьаркьал. Масала, Россиялъул Избиркомалъул баяназда рекъон, Америкаялъул ракIлъун кколеб Вашингтоналда, Хьюстоналда бищун гIемерал гьаркьал щвана Путиние. Амма Нью-Йоркалда бергьун вуго Даванков. Гьебгиха - цо проценталъ. Гьенив цIакъго машгьурав, гьезда лъикIго лъалев чи вукIун ватиларищха Владислав! Гьелъ бицуна кинаб политикияб ва «бичIчIикьеялъул» тIадецуй гьениб букIарабали В. Путиние гьаркьал кьезе тунгутIиялда бан.

Россиялда арал рищиязда хадуб халкквезе рачIун рукIана къватIисел пачалихъаздаса 700 чи. Рищиязул халгьабизе, нахъе инчIого, гьанирго чIана Москваялда тIобитIараб Халкъазда гьоркьосеб гIолилазул фестивалалда гIахьаллъи гьабизе рачIарал Азиялъул, Африкаялъул ва ГIагараб Бакъбаккул улкабазул вакилзабиги. Гьел щвана Дагъистаналдеги, ана Дербенталде, Хунзахъе, Дубкиялде ва цогидалги избирателазул участкабазде. Рищиязде хIадурлъиялъул ва гьел тIоритIиялъул кинабго рахъалдасан халги гьабун, гьел кутакалда разиго рукIана демократиялъул киналниги рахъалги цIунун, Дагъистаналда рищиял тIоритIиялдаса. Гьез жидецагоги нугIлъи гьабуна дунялалда тIад рищиял тIоритIиялъул Россиялъул гIадал кьанунал цогидал пачалихъазда гьечIолъиялъе. Вакилзабаз бицунеб букIана жидеца гьанир хIалтIизарулел цо-цо кьагIидаби жидерго улкабаздаги гIумруялде рахьинаризе хIаракат бахъизе букIиналъул. Гьезие цIакъго бокьана рищиязда жиб-жиб избирателазул участокалда гьаракь кьеялда хадуб халкквезе жамгIиял гIуцIабазул вакилзабазе кьун бугеб рес.

«Дир бергьенлъи буго гIицIго ватIан цебетIезабиялъе байбихьиян» абурал цIивищарав президентасул рагIабазул ритIухълъи, дида ккола, рищиял лъугIидал, Дагъистаналде федералияв кIиго министр вачIиналдалъунги загьирлъанин абун. 19 марталда республикаялде вачIарав РФялъул экономикияб цебетIеялъул министр Максим Решетниковас, гьаниб туризм цебетIезабизе бугеб ресалъухъ халги гьабун абуна, Дагъистаналъул гьайбатаб букIинесеб бугилан абун.

Гьелде тIадеги, ДРялъул хIукуматалъул бетIер ГI. ГIабдулмуслимовасул Халкъияб Собраниялда букIараб хIисабкьеялдаги бихьана 2023 соналда, хасаб рагъулаб операциялъе гIемераб гIарац харж гьабулеб букIиналде балагьичIого, федералиял ва республикаялъул тIолалго программаби гIумруялде рахьинарун рукIин, социалияб рахъалъ гIадамазе гьарулел бигьалъаби цIунизе кIвей.

РакIалде ккола рищиязда Россиялъул халкъаз бихьизабураб цолъиялъ кIудияб кумек гьабилин хасаб рагъулаб операциялда нилъеца бергьенлъи босиялъулъги. Гьелъ дагьабги щула гьабуна нилъер гIолохъабазул битIараб ишалде ракIчIей ва ватIаналдехун бугеб рокьи.

*З. ИЛЬЯСОВ*

# ХIалтIи - авлахъалда, хIасил - коллегиялда

**Дагъистаналъул экономикаялъул аслияб бутIалъун, кьучIлъун аграрияб магIишат (нигIматал гIезари, къачIай, гьезда сверухъ кинабго хIажатаб хIалтIи гьаби) букIин бальголъи гуро.**

**Гьоркьиса рихьизарурал хIасилазул, ругел планазул, данд-чIвалел захIмалъабазул, тIуразе кколел масъалабазул хIакъалъулъ бицана гьал кьоязда Дагъистаналъул миллияб библиотекаялда тIобитIараб Росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министерствоялъул коллегиялда.**




Гьелда гIахьаллъана ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, цо-цо министрал, районазул росабазул магIишатазул управленииязул, СПКязул, КФХязул, батIи-батIиял магIишатиял, гIелмиял ва цIалул идарабазул нухмалъулел.

Коллегия рагьана ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас, ва гьес киназдаго баркана тIаде щвараб рамазан моцI, бицана росдал магIишаталъул бугеб кIвалалъул, баркала кьуна гьабураб хIалтIухъ ва киналго ахIана церелъурал тIалабазда рекъон хIалтIизе.

Аслияб докладгун кIалъазе вахъарав росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министр Мухтарбий Аджековас кьуна мухIканал баянал:

- Аслияб куцалда Дагъисталъул АПКялъ тIурана церелъун рукIарал масъалаби. ГIезарурал нигIматазул гIаммаб багьа бахана 2I2,3 миллиард гъурщиде. Гьебго заманалда, гьелъие квербакъи хIисабалда, пачалихъалъ кьуна (министерствоялдасан) 2,6 миллиард гъурущ (гьелдаса 2,2 миллиард гъурущ - федералияб бюджеталъ) ва бигьаял шартIазул кредит хIисабалда беччана жеги 2,5 миллиард гъурущ. Лъалеб хIалалда гьеб хиралъаниги, гьоркьиса босана росдал магIишаталъе хIажатаб 449 техника (багьа - 1,1 миллиард гъурущ).

Амма тIолалго мурадал тIуразе ккани, къваригIуна жеги цIикIкIараб къадаралда техника. ЦIибил (282,7 азарго тонна), пиринчI (155,3 азарго тонна), овощал (1,5 миллион тонна), картошка (366 азарго тонна), пихъ (220 азарго тонна), гIияй гьан (40 азарго тонна) гIезабиялъул рахъалъ, регионазда гьоркьоб республикаялъ ккола цебесеб бакI. Дагъистаналда буго Россиялъул гIицIцIаназул 25 процент (тIоцебесеб бакI).

Амма руго гIоларел рахъалги, гIагараб заманалда тIурачIого бегьуларел масъалабиги. Масала, цIикIкIараб къадаралда пихъгун овощал гIезаруниги, сезоналъул заманалда гурони гьез республика хьезабуларо. Аслияб гIиллалъун ккола гьел цIунизе бакIал гьечIолъи, нилъер гьанир ругезги рес кьола гIицIго 30,2 азарго тонна цIунизе. Гьединлъидал хIажат руго 260 азарго тонна цIунизе рес бугел складал.

Картошкадул бачIин цIикIкIинабизе ресал руго, амма гIолеб гьечIо гьеб хьалеб ва бакIарулеб техника.

Нилъеца гIиядаса кьунцIула 14 азарго тонна квасул, амма захIмалъаби руго гьеб къачIаялда ва бичиялда сверухъ.

Нилъерго магIишатаз гIанкIудал ханаздалъун республика хьезабула гIицIго 30 проценталь (лъагIалие 253 миллион хоно). ХутIараб къадар баччизе ккола цогидал регионаздаса.

Рахьдалаб боцIухъанлъиялдаги руго гIезегIан масъалаби (тайпадулаб ва хьон биччаялъул хIалтIул даража лъикIлъизаби ва гь. ц).

Гьел киналго масъалаби тIураялъул мурадалда рехсараб министерствоялъ ва хIукуматалъ хIалтIи гьабулеб букIин бихьулеб буго. Масала, хIадурун ва хIадурулел руго проектал, программаби, гьел ритIун руго федералияб министерствоялде ва иш тIаде кколел цогидал идарабазде. Ралагьулел руго масъалаби тIураялъе ресалгун сурсатал. РакIалде ккола гьеб рахъалъ нилъер республика жеги гIемерал соназ цебесеб кьерда букIине батилин абун.

***ГIабаш ГIАБАШИЛОВ***

# Бузнаса нух

МагIарухъе нухазул къварилъи гьечIониги,
КъваригIана цогиги, цебего букIарабги,
Умумузго бахъараб Бузнасахун рахъалда
Гьеб гьабулебин абун ана анцIабго сонги.
СанагIат цIикIкIарабин, эхедерай гьечIебин,
Гьединго кьокъабилан къасд лъуна гьеб бахъизе.
Ниятги лъикIаб буго, тIокIлъиги гIураб буго,
ГIадамазги квербакъи кьойил гьабулеб буго.
Кьокъид гьениб хIал гIечIо,
хIалтIи халатбахъана,
ХIаракатчагIигицин кIийиде рикьун ккана.
МухIамадкамилилаб конторалде тIаде,
БатIияб фондги рагьун, гьабулеб рахъ бикьана.
Гьенир нилъераллъидал лъугьун
ругел гьеж гурун,
Ма ша Аллагь, таваккал гIуна байбихьиялъе.
Аммаха, гьалмагъзаби, гьеб хIалалда танани,
ХIинкъи буго гьеб рикьи дагIбаялде инеги.
Добехун цояз цIалеб, цогидаз гьанибехун,
Гьеб жавабияб хIалтIи рагIалде кин бахьилеб?
Киналго рекъараб хIал кидаго букIунарин,
РагIи данде ккезабун рукIин лъикI гурищ бугеб?
Бухъун-хъван, кьвагьа-гIанлъун
лъугьараб рахъги буго,
ЛъикI гуродай гьеб хIалтIи хIукуматалъ гьабизе.
Гьелда мурадги, къасдги, хIажалъиги бичIчIани,
КIвар гьабичIого телин лъида кIвелеб абизе?
ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIунеблъи
Нилъеца цебе лъезе гьениб бихьизабидал,
Гьанже Хучбаровасул техника биччанани,
Бигьаго ва кьокъидго бахьиларищ рагIалде?
ХIалкIолареб жо гуро жакъа пачалихъалъул
Программазде гьорлъе гьеб нух ккезе гьабизе,
Гьанисан щибаб соналъ миллиардал тIадруссун
Россиялъул бюджеталъ унеллъидалха ругел.
Гьел хIалтIизе гьаризе хIажатаб бакI бугилан
Гьабеха тIаделъун иш, тIалъи кантIизабизе,
Гьеб мехалда хехлъила, бигьалъила, лъикIлъила,
Лъилго ракIбакъвачIого Бузнаса нух рагьила.
Гурони рикьалабаз, рикь-рикьун кколел нухаз
КигIанаб заман жеги базе бугеб гьеб кIкIалахъ.
КIудияб иш бугелъул, кIвар бугеб нух кколелъул,
Ккезабуни лъикI рекъон рагIиги хIаракатги.

***ГIали МУХIАМАДОВ,***
***МахIачхъала***



# Довго Муса - добго хурив

**Исана март моцIалъул байбихьуда нилъер республикаялъул тахшагьаралда тIобитIана кIиго тадбир: гIаммаб субботник ва «МахIачхъала - гIурччинаб шагьар» абураб акция.**

Гьава-бакъалъул шартIазухъ балагьичIого, субботникалда гIахьаллъана 35 азаргоялдасаги цIикIкIун чи. Тахшагьаралъул парказда, скверазда ва цогидалги бакIазда чIана анцIазаргоялдасаги цIикIкIун батIи-батIиял гъутIби, тIугьдул ва хъархъал.

МахIачхъалаялда гуребги, республикаялъул цогидал шагьараздагун росабалъги гьединал субботникал тIоритIи лъугьун буго лъикIаб гIадатлъун. Гьеб ккола пайдаяб ва гIумру берцин гьабиялъе чара гьечIого къваригIунеб иш. Амма квеш ккараб жо буго, гьедин чIарал гъутIбигун хъархъал цо анкьалги лъалъан, рехун толел рукIин.

ГIолохъанаб гьотIое хьулухъ гьабизе кколебльи киназдаго лъала. Цоги бакIалда чIезеян, ракьулъа бахъулаго, зарал ккечIого хутIуларо гьотIол кьалбазе. Гьелъул хIасилалда гъутIбузе захIмалъула жидеего гIураб къадаралда ракьулъа регьел цIазе. Гьединлъидал цIичIчIарал гъутIби лъалъазе ккола анкьида жаниб цо-кIиго нухалъниги, гьогь гьабизе ккола сверухъльи, гьороца ва хIайваназ регизариялдаса цIуниялъе, чара гьечIого рохтиязда аскIор чIвазе ккола цIулал хIубал.

Субботниказдаса хадуб гьарулищха гъутIбузе гьединал агротехникиял хьулухъал? Гьайгьай, гьаруларо! ГьабунгутIиялъ кьолеб хIасилалъул бицунеб цо мисалги бачинин. Пуланав бизнесменас, 2023 соналда, цебеккунго бегьаб ракьги баччун, жинцаго гундбиги рухъун, гьенибе ракьги бан, МахIачхъалаялъул «Афгьаназул» паркалда чIана батIи-батIияб тайпаялъул 200 гьветI. ТIоцересел анкьаз гьес гъутIби лъалъана. БачIана багIарараб рии ва лъим щвечIолъиялъ гъутIбузул 65-70 процент бакъвана. Довго чияс, ракъварал гъутIбиги нахъе рахъун, цIидасанги чIана цIиял гъутIби. Гьаб нухалдаги бащдалниги ракъвана. Гьединабго кьисмат ккола субботниказул хIасилалда чIарал гIемерисел гъутIбузул. Масала, МахIачхъала-Буйнакск шагьранухлул рагIаллъабазда чIарал гъутIбузул гIемерисел ракъвана. ГIилла - гьезда хадуб хьулухъ гьабулев чи гьечIолъи.

Кьокъго абуни, гьеб тадбиралъул хIасил букIуна, кициялда абухъе:

- Гьоболасул хIама хIортIе бачаниц?
- Бачана.
- Гьекъаниц?
- Лъаларо.

Субботниказда чIезе росулел гъутIбиги шагьаралъул бюджеталъе хираго чIола. Масала, «Горзеленхозалда» ричулел саженцазул багьа буго 450-1300 гъурущ.

Гьанже бачIунеб буго тIадехун бицараб лъикIаб рахъалдехун буссинабилъе щиб гьабизе ккелебин абураб суал. Дир пикруялда, хIукуматалъул идарабазул, больницабазул, школазул, гьединго бизнесменазул офисазул минабазда сверухъ ругел ракьал гIурччин гьариялъул хIалтIаби тIадаллъун гьаризе ккола гьезул нухмалъулезда. Гьел бакIал берцинго къачIаялъул рахъалъ гьезда гьоркьор тIоритIизе ккола кьецал.

Гьайгьай, парказда чIарал гъутIбузул жаваб кьезе ккела гьезул директорзабаз. ЖамгIиял бакIазда, шагьранухазул хьалбазда чIарал гъутIбузе хьулухъ гьабизе тIадкъазе бегьила районазул ва ЖКУязул нухмалъулезда. Гьединго, чара гьечIого букIине ккела шагьаразда ва шагьранухазда аскIор чIарал гъутIбузул гьабураб хIисаб, гьезда хадуб хьулухъ гьабулеб куцалъул халгьабизе гIуцIараб хасаб комиссия. Гьединал тадбирал гьаричIони, довго Муса довго хурив хутIизе вуго.

***Нури НУРИЕВ***

# Унсоколоса местIер

*Халкъалда гьоркьоб гьесул цIар тIибитIун букIана «тохтур МухIамад» абун. Гьев ккола Унсоколоса. ГIолохъанго ккана Египеталде ва гьениб щвана тохтурасул махщелги.*

*ТIадвуссун вачIиндал, ячана росулъа ГIайишат.*

*Гьеб заманалда, тохтурасул махщел щварав, МухIамад унтарал сах гьаризелъун ахIула тIоцебесеб Дагъистаналъул рекIаразул полкалде. Гьесие щвана штабс-капитанасул чинги.*

*МестIер МухIамадица гIахьаллъи гьабуна кIиго рагъулъ – Кавказалъул ва гIурусазулгун турказул рагъазулъ. РакIбацIцIадго гьабураб хъулухъалъухъ МухIамадие щвана кIиго медальги хъанчги.*

*ГIумруялда жанир гIадатиял гIадамазеги, цадахъ хъулухъ гьабулезеги, рагъухъабазеги гIемерал операциял гьаризе ккана полкалъул тохтурас. Гьес мукъуралъе операцияги гьабун, сах гьаруна 14 сон барай Марзият ГIабдулаеваги ГIабдусалам МухIамадовги.*

*Къанал рахъи (камнесечение). ГIемерисезда рагIун батила кигIан кIвар бугеб операция гьеб кколебали. Наркозги кьун операция гьабизе бала сагIатгIанасеб заман. Амма МухIамад тохтурлъун вугеб заманалда наркоз хIалтIизабулароан, хасго Дагъистаналда.*

*КъотIун унтараб бакIгун, тохтурас понцIилаялъуса гамачI къватIибе босулаан ва ругъун чол расалъ яги гIадатияб куналъ букъулаан.*

*КъотIараб ругъун бигъинчIого букIине, спирт яги гIаракъи, гьеб гьечIони самогон бахунаан.*

*Гьеле гьедин, Дагъистаналъул полкалъул тохтурас, чанго минуталда жаниб, унтараб бакIалдаса къотIун гамачI, къоно нахъе босулаан. Бицен буго доб заманалда гьедин хехго хIалтIун бажарулев хирург Н. Пирогов гурони вукIинчIин.*

*Унсоколоса МухIамадица къанал рахъулеб куцалъул бицана гьесул санитарлъун хIалтIарав ва 92 сон байдал хварав Камалудин ХIажиевас.*

*ухIамадил тохтурлъиялъул бицунаго цо гьадинаб мисалги рехсезе бегьула. ГIурусазулгун турказул рагъул заманалда лъукъун вукIана цо генерал, амма гьесда щвараб гулла киб бугебали лъалеб букIинчIо. Киналго гIурус рагъухъабазул полказул ва дивизиязул тохтурзабиги данделъун, генераласул ругънал бицунеб букIана консилиумалда. Амма тохтурзабазда чIезабизе кIвечIо гулла щвараб бакI. Генераласул букIана «беццаб» ругъун, гулла араб бакI лъалеб букIинчIо. Гьеб ахIвалхIалалъул хIакъалъулъ лъана Дагъистаналъул полкалъул командирасда, ва гьес бетIерав командующиясда абуна жидер тохтурасе изну кьейин генераласухъ валагьизе. Ихтиярги щун, МухIамад тохтурасул алаталги росун, генераласухъе вачуна. КватIун ахIун вугоха дунилан абун буго МухIамадица, бугеб хIалги лъазабун.*

*Кин щиб гьабилебали тохтурзаби дагIбадулел ругебгIан заманалда, генерал хун ватун вуго.*

*Хун вукIаниги, гьесухъ халгьабизе лъугьуна МухIамад. Чахьалдехун гьевги ккезавун, мугъзагьодида кIутIула ва гулла гьаб бакIалда бугин абула. Киналго щакдаризе лъугьуна. МухIамадица жиндирго алатал жанир ругеб гъутухъ рагьула ва кIиго минут иналде хъахIаб ххамиде рехун бачIуна гулла. Гьеб бакIалда босараб*



**Тохтур МухIамад лъади ГIайшатгун**

*«бергьенлъиялъухъ» мустахIикълъана гьев иргадулаб медалалъе.*

*Цо нухалда, цогидаб полкалде щведал, офицерасул чодрокьеги ахIун, бокалалъубеги тIун, гьев вачIин чури багьанадеги батун, гьекъезе жо тIола. Гьес бокал кодобе босигун, киналго хIухьел ккун балагьун чIеялъ МухIамадида бичIчIула щиб батаниги жубан букIин. ЛъикIалъе гуреблъиги бичIчIун, хехго нахъе ине гIамал гьабула магIарулас. ГIемер заман иналде, чехь сусулеб гIадаб асар лъугьуна ва, чодасаги рещтIун, аскIосан чвахулеб лъарал лъим гьекъола. Лъавудаса унев вугин ккарабго, лъелъ бетIерги къазабун, лъим гьекъолеб букIуна.*

*МухIамад чIаго хутIула, амма гьеб загьруялъ гьесул ургьисалабазе зарал гьабула. «Дун жеги чIаголъиялда вукIунаан гьеб загьру ургьибе ккун букIинчIебани», - ян абулаан ригьалде вахарав МухIамадица.*

*Гьев гьавуна 1810 соналда ва къадаралде щвана 1910 соналъ. Гьесул алатал цIунун хутIун гьечIо, амма цо гIагарав чиясухъ буго гьес хIалтIизабулеб букIараб тIухьидул мугьру. ГIемер хIалтIизабиялъ гьелда гьабураб хъвай-хъвагIай бихьулеб гьечIо, цого-цо МухIамад абун хъвараб бакI цIунун хутIун буго.*

**Гьадин хъвалеб буго Унсоколоса тохтурасул хIакъалъулъ тарихчи, краевед Булач ХIажиевас.**

**Гьединав тохтурасул хIакъалъулъ тIадеги баян лъазелъун бухьен ккуна цо-цо тарихчагIазулгун. Масала, Генуса МухIамаднаби Ибрагьимовас абуна гьесул хIакъалъулъ хъван бихьун букIанин Булач ХIажиевас ва МухIамад СагIадулаевас. МухIамаднабица битIун бачIана М. СагIадулаевасул «Ансадерил сверабазда» абураб тIехьалда бахъараб Б. ХIажиевасул макъалаги М. СагIадулаевасул тIадежубайги. Булачил макъала тIадехун кьуна, МухIамадил тIадежубай гьадинаб буго.**

*Щивха гьев МухIамад? Гьеб суалалъе жаваб балагьун, дун ана Булач ХIажиевасухъе. «ЧIая, гьабсагIат лъазабила», - янги абун, гьес телефоналъ цо лъихъеялиго ахIана... «РабигIат», - ян ахIана гьес. - Дихъ вуго Унсоколоса гьобол, дур ракьцояв. Гьас хъвалеб буго районалъул тарихалъул тIехь. Дуца гьасие кумек гьабе».*

*Цинги гьес дида абуна Буйнакскиялда бугеб «МугIрузулаб Дагъистан» АПКялъул букIараб минаялъув айин, РабигIат гьений ятизе йигин.*

*АПКялъул мина букIараб бакIалда дида батана «Руччабазул консультация». Гьенибго хъван бугоан хIалтIул низам ва консультациялъ къабул гьарула ГIабдулхаликъова РабигIат МухIамадовнаялъ абун. ГIемерал руччабиги ругоан РабигIатихъ ралагьун чIун, букIаниги гьей дир къваригIел тIубазе гIедегIана.*

*- Дуца бицунев тохтур МухIамад ккола дир кIудияв эмен. Дир эменги хирург вукIана, гьесул хIакъалъулъ дуда рагIун батила. Дир эмен ХIажиев МухIамад КIудияб ВатIанияб рагъул соназда Югославиялда партизаназда цадахъ вагъулев вукIана. Гьенив бахIарчилъун вахъана. Рагъдаса хадув гьев Хунзахъ больницаялда хIалтIана. Дунги дир кIиявго вацги Хунзахъ гьаруна.*

*- Унсоколо бугеб нужерго гIагарлъи лъаларищ дуда?*

*- БитIун бицани, лъаларо. Нижер чIей Буйнакскиялда букIана, гьанже МахIачхъалаялда буго. Эменги гьанив хвана, гьанив вукъунги вуго. Дунги росасулъ гьаний йиго. Цо нухалъ ниж гIисинал чагIи инсуца Унсоколоре рачун рукIана. КIудияв инсул хабадеги щвана. Гьенир нижеца ансадерида цадахъ гIемерал сураталги рахъана. КIудияв инсулги инсулги хIакъалъулъ гIемераб материал буго эбелалъухъ. Мун дир эбелалъухъе МахIачхъалаялде а. Гьей ккола лъарагIай. КIикъого соналъ учительлъунги хIалтIун, пенсиялда йиго гьей, - ян бицана гьелъ.*

**Гьадин хъвалеб буго 1996 соналда къватIибе биччараб тIехьалда МухIамад СагIадулаевас.**

**МухIамад гIадинал тохтурзабазулги, росабалъ рукIарал местIеразулги, гIадатиял гIадамазулги хIакъалъулъ материал бугев чияс редакциялде битIани бокьилаан.**

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***

## ГIадан - мегIер

Къоабилеб гIасруялъул тIоцебесеб бащалъиялда, циркалда речIчIухъанлъи абизегIан цебетIун букIинчIо. Эркенаб гугари гIадаб спорталъул тайпаги цебетIезе байбихьана 1950 соналдаса хадуб.

Амма доб заманалдаги Дагъистаналда рукIана къуватал ва цIар рагIарал гIадамал. Гьединазул цояв ккола КIикIуниса ГIусман. Гьесул чорхол борхалъи букIана кIиго метралдаса цIикIкIараб ва цIайи - 150 кг.

ГIусман гьавуна 1912 соналда. Гьесул эмен ГIабдурахIман лага-черх бугев чи вукIинчIо. Эбел ГIашат йикIана кIудияб къаркъалаялъул, кIиго метралдасаги йорхатай гIадан. Хьаргаби базаралда пихъ бичулей гьелъул лъикIаб даран кколеб букIун буго. Къаркъалаялъул кIодолъиялъги гьелъул чIаголъиялъги киналго гьелда аскIоре рачIунаанила. Логол борхалъиялъухъ балагьун, гьелда Хъарт-ГIашатин абулеб букIун буго.



КIикIундерица бицунаанила, гьей хведал нуцIихъа къватIие йосизе бажаричIого, тIубараб нуцIаго нахъе бахъизе кканин абун.

ГIусманги гьитIинаб къоялдасаго хIалтIи гьабизе ругьунав вас вукIуна. 16 сон баравго Каспиялъул рагIаллъиялда ччугIа кколезул кьеразулъе лъугьуна ва чанго чияс цадахъ цIалеб чччугIил цIураб сетка гьес жинцаго цIалаанин бицуна.

Хьаргаби консервал гьарулеб заводалдаги хIалтIана ГIусман. Гьес чакаралъул хъапал жинцаго раччулел рукIун руго, кIудиял хьагал цIураб карщги жинцаго багъарулеб букIун буго. ХIалтIун вуго Хьаргаби ГЭСалдаги. Гьесул чIаголъиги къуватги бихьарал Н. Самурскияс ва ГI. Тахо-Годица районалъул нухмалъиялъе тIадкъай кьун буго ГIусмание цIикIкIун эркенаб заман кьейин ва лъикI кваназеги гьавейин абун.

1934 соналда тIобитIулеб букIараб Дагъистаналъул халкъазул спартакиадаялда гIахьаллъизе уна ГIусман. ГамачI рехиялъул рахъалъ ва цогидал къецазда ГIусман бергьуна. Къецал лъугIидал, гьес абурабила, лъабго гамачI рехизелъун гьанивеги вачанин жив, пачалихъалъ квенги кьунин абун.

Хадув дагь-дагьккун ГIусман Дагъистан тун къватIивеги къецазде ине байбихьана. Пятигорскиялда гамачI рехиялъул рахъалъ тIоритIарал къецазда бергьарав ГIусмание сайгъат кьола Серго Орджоникидзеца. Гьес ГIусманида абула, Москваялде вачIани, кумек гьабилин абун.

Москваялда гьев хIалтIула «Серп и Молот» заводалда, хьвадула эркенаб гугариялъул секциязде, заман ккедал «Мосфильмалдаги» художествиял фильмабазул сценабазда гIахьаллъи гьабулаан. «Остров Сокровищ», «Детство Максима Горького», «Богдан Хмельницкий» гIадал фильмабазулъ рольги хIана гьес.

ГIусманил гIумруялъул хIакъалъулъ гIемерал интересал лъугьа-бахъинал руго. Гьезул хIакъалъулъ дагь-дагьккун бицина хадусел номеразда.



***ХIурматиял газета цIалулел! Жавабал щвезе бокьарал суалал нужер ратани, гьел ритIизе бегьула редакциялъул гьаб электрониияб почалде - hakikat1917@maiI.ru яги телефоналъул гьаб номералде (Вацап, СМС) 8988-465-90-34***

*Гъоркьехун рехсолеб кIиго суалалъе жавабал кьуна ДРялъул Социалияб фондалъул консультант Мусаева Ферюзаца.*

**Хьаргаби районалдаса Дадаева Хадижатица цIехолеб буго: «Дун школалда хIалтIана 1960 соналдаса бахъараб 2012 соналде щвезегIан. Щибаб моцIрол харжалдасан кьолаан налогалги. Гьанже абулеб буго, пенсиялда ругел гIадамазул накопительнияб капитал, ай нилъеца кьурал налогазул гIарац, нахъбуссун щвезе рес бугилан. Лъазе бокьила гьелъул хIакъикъат.**

**Цоги, 20-30 соналъ хIалтIарал, амма жеги пенсиялде инчIел гIадамазул харжаздаса взносалъе ккураб гIарац бегьуларищ пенсиялде иналдего нахъбуссинабизе?»**

- Накопительнияб пенсия гIуцIана 2002 соналдаса бахъараб 2014 соналде щвезегIан. ХIалтIикьолез гьелде рехулаан страховиял взносазул анлъго процент. ГьабсагIат пенсиялъул накопительнияб бутIаялъул хIалтIи гьоркьоб къотIизабун буго ва киналго взносал уна страховияб бутIаялде гъорлъе.




Пенсиялде ун хадуб пенсиялъул накопительнияб бутIа щолеб къагIида ккола:

1. Страховияб пенсиялде тIаде жубай хIисабалда.

2. Заман цIан кьолеб выплата гIадин.

3. ТIубанго. Гьеб бутIа тIалаб гьабизе бегьула инвалидаз ва инвалидлъиялъул пенсия щолез, хьихьизе чи гьечIез ва социалияб пенсия щолез.

Гьединго пенсиялъул накопительнияб бутIа тIалаб гьабизе бегьула захIматал, гIумруялъе хIинкъи бугел бакIазда ва Севералъул районазда хIалтIарал чагIаз. Пенсиялъул накопительнияб бутIа щвелалде чи хвани, гьеб босизе ихтияр букIуна хварасул ирсилазул.

Накопительнияб пенсия тIалаб гьабизе бегьула бокьараб, ай гьеб нахъбуссинабизе ихтияр кьураб заманалда. Гьелъие букIунаро кинабгIаги бихьизабураб заманалъулаб гIурхъичIвай. Выплата букIине бегьула страховияб пенсиягун цадахъги батIагоги.

Накопительнияб пенсия нахъбуссинабеян хитIаб гьабизе ккола социалияб фондалде.

**«Дун ккола кIиабилеб группаялъул инвалид. Буго 30 сонил хIалтIулаб стаж. Пенсиялъул ригьалде вахиндал, цебечIана гьадинаб суал: инвалидлъиялъулдай яги жибго пенсиялъулдай гIарац цIикIкIараб букIина?» - абураб.**

- ГIаммал низамазда рекъон, херлъидал кьолеб пенсия чIезабула пенсиялъул ригьалде щведал, хитIаб гьабураб къоялдаса байбихьун. Инвалидлъиялъул пенсия - инвалидлъи чIезабураб къоялдаса нахъе. Гьайгьай, хайирияб букIуна тIоцебесеб ва кIиабилеб группаялъул инвалидлъиялъул пенсия. Лъабабилеб группаялъул инвалидлъиялъул пенсиялдаса хайирияб букIуна херлъидал кьолеб пенсия.

**«Гъоркьиса дие кьуна «Дагъистаналъул мустахIикъав журналист» абураб цIар. Гьеб цIар щварал чагIазе хIукуматалъ кьолел киналгIаги бигьалъаби ва выплатаби ругищ?»**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна ДРялъул Культураялъул министерствоялъул хIалтIухъан ГIумаров СалихIица:*

- ХIукуматалъул рахъалдасан гьеб цIар щварал чагIазе кинабгIаги бигьалъи бихьизабун гьечIо. Амма бетIерав редакторасул ихтияр букIуна хIалтIулеб бакIалда гьесие цо нухалъ премия кьезе. Премиялъул роцен чIезабун гьечIо, гьелъие кьолеб гIарцул «бакIлъи» бараб буго идараялъул бюджеталъул ресалда.

**«Дир вас армиялде ахIун вукIана 2021 соналъул декабралда. Контракт хъван букIинчIониги, гьев витIана СВОялде. Гьанже гьев рокъов вуго, гьесие щвана ветеранасул удостоверениеги. Лъазе бокьилаан, эбелалъул ихтияр букIунищ цогозаманалъулаб выплата босизе, гьединго рес букIунарищ дир ясалъеги гьеб выплата щвезе. Выплата тIалаб гьабун, кибе хитIаб гьабизе кколеб ва кинал документал хIадуризе кколел?»**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна ДРялъул ЗахIматалъул ва социалияб рахъалъ цIуниялъул хIалтIухъан Исламова Раисатица:*

- 2011 соналъул 17 ноябралда тасдикъ гьабураб № 306-ФЗ «О денежном довольствии военнослужащих и предоставлении им отдельных выплат» абураб федералияб законалда рекъон, РФялъул Рагъулал къуватазулгун СВОялда гIахьаллъизе контракталъулаб къотIи-къай хъварал чагIазе кьезе рихьизарун руго хадусел выплатаби: моцIрол харж, щибаб моцIалъул тIадежураял, премиял, щибаб соналъул гIарцулаб кумек, командировкабазда гьаризе харжал, рагъулаб хъулухъалде ритIулеб мехалъ кьолеб гIарац ва мехалил пособиял.

ГIарцул сурсаталъул роцен бараб букIуна цIаралда, чиналда ва хъулухъалда.

Бихьулеб букIахъе, цохIо нухалда кьолеб выплата кьоларо СВОялда гIахьаллъизе РФялъул Обороналъул министерствоялъулгун контракт хъвачIел чагIазе.

2022 соналъул кIиабилеб ноябралда къабул гьабураб РФялъул президентасул № 787 хIукмуялда ва РФялъул президентас 2022 соналъул 19 октябралда гьабураб тIадкъаялда рекъон, контракт хъварал ва армиялде ахIарал чагIазе цо нухалъ кьола 195 азарго гъурущ. Гьеб щола РФялъул Обороналъул министерствоялъулгун цо лъагIалидаса дагь гьечIеб болжалалда контрактги хъван, СВОялда гIахьаллъулел чагIазе. Гьеб гуребги, букIуна цо нухалъ кьолеб регионалияб выплатаги. Дагъистаналда гьелъул роцен ккола 100 азарго гъурущ.

Контракт хъван букIинчIолъиялда бан, гьаб суал кьолей гIаданалъул васасе цогозаманалъулаб выплата щоларо.

**«ХIурматиял «ХIакъикъаталъул» хIалтIухъаби, нужецаги босулеб батила тукадаса чед. Бегьулеб батани, чед бежулезда абе, кидалъизегIанин нужеца гьеб хIалалда, ай тохаб куцалда чед бежизе бугебилан. Бегьулеб куцго гьечIо тукадаса босулеб чадал, щибго тIагIам гьечIеб, кIиабилеб къоялъго хъурун унеб чед бежизе бегьилищ?»**

- Тохтурзаби-диетологаз абулеб буго, жакъа нилъеца кваналеб гIемерисеб чед бугила инсанасул сахлъиялъе зарал гьабулеб. Чед бежулез ханжугун журазарулел ругила тIагIам бачIинабулел, черхалъе къваригIунарел батIи-батIиял жал. Гьез бахчулеб гьечIо жидеца бежулеб чед гIемерисеб хIайваназе кIалцIуе гIезабураб могьол (фуражное зерно) ханждадаса бежулеб букIинги. Гьеб мунагьги лъан, ресалда ругел чагIаз тукадаса чед босулеб гьечIо, ракIчIараб бакIалдаса тIаса хъал бахъичIеб ханжуги босун, рокъобго бежулеб буго. Гьелъие нугIлъи гьабулеб цо мисал бачина. Шамил районалъул Сомода росулъа жамагIатчи ТIайгибил МухIамадица бицана жидер росулъ рекьулила могьолал культурабиги, умумузул къагIидаялда ханжуги



ххенолила. Гьелъул бицунеб рагIун, ресалда ругел чагIи рачIунила ханжу босизе, жидер цо хъапалъухъ тукадул ханжуялъул кIиго хъапги кьолила.

Дунялалда бищун къиматаб тIехьлъун рикIкIуна Къуръан. Гьелда тIад щибго жо лъезеги бегьуларо, цохIо чед гурони. Аллагьас гьедин хира гьабун буго чед.

Амма сункьаго хIинкъуларел ва щолеб гIарцул гурони ургъел гьечIезда щиб абуниги щиб. Аллагьас кантIизареги.

***Нури НУРИЕВ***

# Бегавуласул сапар

**ГIахьвахъ районалдаса гIезегIан гIолохъаби руго Украинаялда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел. Районцоязги хIалкIвараб квербакъи гьабула ва кванил нигIматалгун хIажатаб къайи битIула СВОялде. Райадминистрациялъул тIадкъаялда рекъон, социалияб хъулухъалъул хIалтIухъабаз хIаракат бахъула СВОялъул гIахьалчагIазул гIагарлъиялъе хIажатаб кумек гьабизеги.**

Дагъал церегIан къояздайин абуни, районалъул ЦIолода росдал бегавул ГIабдусамад Мужайдинов ун вукIана Херсон областалде, СВОялда гIахьаллъулел росуцоязе сайгъат-саламалгун. Гьеб росулъайин абуни анкьгояв вуго СВОялда. Аскариязул хъулухъал тIуразе рукIине, меценатас босараб «Нива» машинаги бачун букIана гьес цадахъ.



Исана ункъабилеб сон буго ГI. Мужайдинов, 80 цIараки бугеб ЦIолода росдал бегавуллъун хIалтIулев вугелдаса. Ралъдал гьумералдаса 2000 метралъ борхат бугеб росулъ магIишат-гIумру гьабизе захIмат букIиналъ гIемерисел цIалал гочана Хасавюрт районалда бугеб ЦIияб ЦIолода росулъе. ЦIияб росулъ цIаладерил 800-гIанасеб цIараки буго. Гьединго Хасавюрт, МахIачхъала ва улкаялъул цогидал шагьаразда гIумру гьабунги руго цIалал.

Бегавулас гIезегIан пайдаял хIалтIабиги гьарула росулъ. Бачана лъим, къачIала нухал, къватIазда чIезабун буго канлъи. Байбихьун буго «Ингердахъ-ЦIолода-КIаратIа» лъим бахъизеги. Гьанже росулъ футбол хIалеб бакI гьабизе ракIалда бугинги бицана бегавулас.

***ПатIимат СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***

# Таргъидаго къачІони, къвачІида букІунареб

**Ахираб заманалда республикаялъул школазда кколел руго лъималаз тІаделъун пуланаб лъимер хІакъир гьабиялъул хІужаби. Гьединал ишал ккун хадуб бицуна школалъул заманалда хІалтІи психологас гьабун букІарабани, гьедин ккелароанин абун. Амма щиб гьабун бажарулеб психологасухъа? Кинал ихтиярал гьесухъ ругел?**

## Психолог вукІараб гІолищ?

2013 соналдаса нахъе, «Лъай кьеялъул хІакъалъулъ» абураб федералияб законалда рекъон, психологасда тІадаб буго, цІалдохъанасулгун пуланаб хІалтІи гьабизе ккани, гьесул эбел-инсусухъа разилъи тІалаб гьабизе. Гьеб разилъи эбел-инсуда хъвазабизе ккола щибаб цІалул соналъул байбихьуда. Амма щаялиго умумуз гьединаб разилъи кьоларо, хасго психологасул кумек хІажалъулев цІалдохъанасул эбел-инсуца. Гьединазда школаги учительзабиги рихьула жидер лъимадуе зарал гьабизе хІадуралльун. жиндие квешлъи гьабилин абураб хІинкъи букІуна гьесулъ. Гьелдасаги цІакъ лъимал хІинкъула жив инжит гьавунин абун, халкъалдаго суризавиялъукъа. СурунгутІизеян абун, буллингалда гъоркье ккарас эбел-инсудаса яги гьудулзабаздаса бальго гьабула жиндиего кьолеб гІакъуба. Гьеб бахчиялъги лъимадул психикаялъе гьабула зарал.

## Кин байбихьулеб буллинг

Байбихьуда чи хІакъир гьавула чорокал рагІаби абиялдалъун. Буллингалда гъоркье ккарасе хІинкъаби кьола, гьесда тІад рельанхъула, нахъасан мацІал гьарула. Къокъго абуни, жидехъа бажарухъе психологияб тІадецуй гьабула. Хапартал ретІунарев зулму гьабизе мустахІикъав вугин абула, щуйилазда цІалулев вухизе кколин бицуна. Ахирги гьединал къокъабазда гьоркьоб тІибитІула фашизмалъулаб идеология. Ва гьел къачІан рукІуна жидедаго релълъинчІев чиясде тІаделъизе, ай гьоцІо бикъизе вачІарасде наял гІадин.

## Къимат кьезе тІаме

Жиндаса гьитІинав яги загІипав чиясда тІад велъанхъизе, гьев хІакъир гьавизе бегьулин яги бегьуларин абураб пикру лъимадулъ куцала гьитІинго. ТІоцебесеб иргаялда, нилъеца кІвар кьезе ккола лъималаз балагьулел мультфильмабазде, цІалулел тІахьазде, социалиял гьиназда ругел гьезул къокъабазде. Хъизамалъ цадахъго балагьулеб киноялда вахІшилъиялъул хІужа халлъани, гьелъие къимат кьезе тІамизе ккола лъимал. Лъил рахъ кквезе бугеб гьез – гьелда бараб букІина хадубккун гьезулгун гьабулеб накъитги.

Цо чанго чи цадахъ рекъон гІелцояв вухиялъул яги хІакъир гьавиялъул хІакъалъулъ гьадинаб пикру загьир гьабуна лъималазул психолог ХІажи Шамовас: *«Интерненталда тІиритІизарурал роликазухъ балагьидал, битІахъе ракІ къварилъизе бачІуна. Сверун ракІарун ругел лъималаз кинабго бахъулеб буго телефоналде – гьедин гьабизе бегьуларин абулев чиги гьечІо. Гьеб бахъиялъул мурадги - гІелцоязда гьоркьоб тІибитІизаби. Щайгурелъул гьеб буго гьезие хІайлъун ва гьединаб «киноялъухъ» балагьулел гІемер руго. Гьелъие гІологи бахъулеб буго видео.*

*ГІоркьилас загІипав гІелцояв хІакъир гьави ккола такъсир гьаби. Такъсирчи багьадурлъун вихьулев вуго гІолеб гІелалда. Гьединаб бербалагьи куцалеб буго «Слово пацана» гІадал кинофильмаз ва социалиял гьиназда гІемерлъарал видероликаз.*

*Роликалда ругел гІоркьилаз бицунеб буго чорокаб мацІ – бихьулеб буго рокъоб тарбия щунгутІи. Гьединлъидал хІажат буго яхІ-намусалъ малъухъе хьвадулеб гІолеб гІел куцазе. ГІемерисеб мехалда хІамабагьадурлъи хІалел рукІуна ресалда ругел хъизамалда гІолел лъимал. КваникьгитІиккьги лъимал теларин яхІ бахъулел эбел-эмен регІулел гьечІо гьезие тарбия кьезе, напсалда тІад хІалтІизе кколин абун гьезда малъизе».*

Интерненталда гІезегІан роликал руго кьерилазда гьоркьосеб буллингалъул хІакъалъулъ. Полициялъул халгьабиялдаса хадуб роликазул «багьадурзабазул» эбел-эмен ахІула низам цІунулезухъе. Гьезулгун гара-чІвариял гьарула диниял хІаракатчагІаз. Гьединал роликалги руго социалиял гьиназда. Амма бищунго хІикмалъизе бачІунеб жо, щибго ккечІеб гІадин, расги нечечІого чІун вукІуна буллингалъул «цевехъан». Гьесул эменин абуни, гІаксалда, гІемер нечеялъ кив вахчилевали лъаларого вукІуна.

Гьедин ккечІого букІине эбел-инсуе заман щун буго лъималазе тарбия кьеялде тІаделъизе.



«Интерненталда тІиритІизарурал роликазухъ балагьидал, битІахъе ракІ къварилъизе бачІуна. Сверун ракІарун ругел лъималаз кинабго бахъулеб буго телефоналде – гьедин гьабизе бегьуларин абулев чиги гьечІо.

Школалъул психологасул хІалтІи ккола цІалдохъабазе малъа-хъвай гьаби, гьезул эбел-инсуе семинарал ва психологиялъул дарсал тІоритІи, цІалдохъабазул хьвадачІвадиялъулъ квешал-лъикІал рахъал загьир гьаризелъун тадбирал гІуцІи (батІи-батІиял тестал, диагностика). Нагагь лъимадул психикаялъулъ хиса-баси загьирлъани, психиатрасухъе айилан малъун гурони, батІияб жо гьабун гьесухъа бажаруларо.

КІиго чи цоцалъ къацанди, дагІбади буллинг кколаро. Буллинг буго инсанасул ихтиярал хвезари. Буллингин абула, цебеккунго дандги бан, пуланаб къокъаялъ цо чи хІакъир гьави. Гьелъул вукІуна гІуцІарухъан. Гьесул пикруялда тІад рекъараб къокъа инсан хІакъир гьавиялъулъ гІахьаллъуларо – гьез халкола, видео яги сурат бахъула ва хадубккун гьеб тІибитІизабула. ХІакъир гьавулев вукІарав чи халкъалдаго рагІизави буго лъугьабахьин тІибитІизабиялъул аслияб мурадги.

Чангояс тІаделъун вухулев яги кинаб бугониги зулму гьабулев чиясе рес букІунаро живго жинцаго цІунизе: тІаде балагьун ругезги дуб байбихьула гьесда тенкезе, кьабгІезе, гьесул партал бихьизе, портфель гелдезабизе. Гьанже баккун буго цІияб къагІида – жидеца гьабулеб кинабго жоялъул видеогИ бахъун, социалиял гьиназдасан тІибитІизаби.

Инсанасул нейрофизиологиялъул гІелмияб цІех-рех гьабурал гІалимзабазул пикруялда рекъон, щибаб коллективалда вукІуна цевехъанлъун вукІине бокьулев чи. Гьесул гІадалнахалъ тІалаб гьабула цогидав инжит гьави, вухи яги чІвай. Щайгурелъул гьелдалъун гьесие лазат щолеб букІун. Гьев вукІуна коллективалда гьоркьоб кьадру букІиналдаса чІухІун. ЗагІипасда тІад зулму гьабиялдаса гьев вохула. Рохел жеги цІикІкІуна, жиндир бергьенлъи бихьаразул кьерал гІемерлъидал.

Гьединав чияс кьерилав хІинкъизавиялъе бокьараб гІилла балагьула: ресукълъи, загІиплъи, чиякълъи, хІатта тІомол кьер батІияб букІинцин. Жиндие мутІигІаб къокъаялда гьоркьобги гьес бильлъанхъизабула инсан хІакъир гьави гІадатияб иш кколин абураб пикру. Масала, инвалидасда тІад рельанхъизе бегьула, модаялда рекъон

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

## Психологас малъулеб буго

Буллингалда гъоркье ккараб лъимералъ жиндие гьабулеб зулмуялъул хІакъалъулъ лъиданиги бицунаро. Хасго хІаракат гьабула гьеб эбел-инсудаса бальго гьабизе. Сунде кІвар кьезе кколеб эбел-инсуца, лъимадул хасият-гІамал хисулеб бугони? Психологиял гІелмабазул доктор, ДГПУялъул психологиялъул кафедраялъул нухмалъулев МухІамад ТІалхІатовас гьадинал малъа-хъваял гьаруна цІалдохъабазул эбел-инсуе.

1. Халгьабе лъимадул рекІел хІалалъухъ. Гьев кидаго ракІбечІан вукІунев ватани, ва сахлъиялъул рахъалъ яги рокъосан гьелъие гІиллаги батичІони, гьеб буго «къватІисан» гьесие щолеб къварилъиялъул гІаламат.
2. Буллингалда гъоркье ккарав цІалдохъанас цІали рехун тола, ай кІийилал-лъабилал гІемерлъула.
3. Бокьараб багьана батунги, школалде инчІого чІезе хІаракат гьабула гьес.
4. Школалдеги школалдаса рокъовеги хьвадулеб нух хисула: санагІат гьечІеб, халатаб нух тІаса бищизеги рес буго.
5. Лъимер рокъобе бачІуна бихьараб яги чорокаб ретІелгун, тІутІураб портфельгун яги рихъ-рихъарал тетрадал-тІахьалгун.
6. Зама-заманалдасан гьесул къалам-тІехь яги цогидал жал (масала, школалда кваназеян кьураб гІарац) «рилула».
7. Эркенаб заманалда хІухьбахъиялъе азбаралде инецин инкар гьабула.
8. Лъимер рокъобе бачІуна, беркІалги хъахІиллъизабун яги батІиял ругъналгун.
9. Классцоялгун дандчІваязде хьвадуларо. Гьезухъе гьоболлъухъе унаро ва гьелги жиндихьего ахІуларо.
10. Рокъоселгун (эбел-эмен, яцвац) ургъел бикьуларо. Хехго цщидахуна ва жиндаса гІисинал хІакъир гьаризе, гьезде ахІдезе лъугьуна.

## Учителас щиб гьабизе кколеб?

Буллингалда гІахьаллъарал цІалдохъабазул хІакъалъулъ чара гьечІого лъазабизе ккола низам цІунулел идарабазде. Буллингалда гІахьаллъи ккола законалъул тІалабал цІунунгутІи, ай такъсир гьаби. Гьединлъидал учителасда тІадаб буго, буллингалъул хІужа халлъанин абун, участковый инспектораcде яги балугъалъиялде рахинчІелгун хІалтІи гьабулеб комиссиялде хитІаб гьабизе.

Буллингалъул гІахьалчагІазул цІарал хъвазе ккола школалъул хасаб сияхІалдаги.

ВахІшилъи загьир гьабулел цІалдохъабазда гурхІизе бегьуларо. «Классалда жанибго гьеб иш роцІинабилаян» абун тезе бегьуларо. Гьедин танани, буллингалъул гІахьалчагІазда ракІалде ккезе бегьула, учитель загІипав чи вугин, гьес жидее щибго гьабуларин ва бокьараб гьабизе жидер ихтиярги бугин абун.

Гьелде тІадеги учителасда бичІчІизе ккола: цІалдохъаби ккола жинда божилъи гьабун тарал лъимал ва гьезул букІинеселъул жаваб кьезе жинда тІадаб букІин. Гьединлъидал кинабго гьабизе ккола законалда рекъон.

# Жакъаги чIаго буго гъудуллъи-вацлъи

**Умумузул букIараб гIадат-гIамал цIунизе ккеялъул гIемер бицунелъул, ракIалде щвана БежтIа росулъа лъабго хъизамалъул тарих.**



Дир эбел ГIайшатил гъудул йикIана Анжоева Аминат. Нижер тухум-кьибилалъул хIакъикъат лъаларел росуцояз абулаан, Аминат дир эбелалъул яц ятилин абун – гьедигIанги цоцалъ журан рукIунаан гьел.

КIиябго хъизам цоцада бухьинабураб «синулъун» лъугьана лъабабилеб, эбелалъул вац Хизриев МухIамадхIажил, хъизам. ГIолохъанаб заманалда МухIамадхIажица ячун йикIана Аминат. Цо ясги гьаюн (Райгьанат), гьел ратIалъана ва имгIалас лъадилъун ячана Жаннат. Лъабабго хъизамалда букIана микь-микь лъимерги. Вацасдаса ятIалъарай Аминатилги дир эбелалъулги гъудуллъи киданиги биххичIо. Гьанжейин абуни, нагагь ригьин биххани, кIиябго тухумалъул гьоркьоблъиго хутIуларо.

Райгьанатица эбелин абулаан Аминатидаги Жаннатидаги. Яцлъун къабул гьаюна гьей кIиябго хъизамалъул лъималазги. Киназдасаго кIудияй йикIиналъ, гьелъул адабги гьабулаан, къваригIараб бакIалда кумекалъеги рахъунаан. КIиябго хъизамалъул пашманлъирохелги бащадго гIахьал гьабулаан гьелъ. КIудияб хъизамги нахъа тун, гIолохъанго хвана дир имгIал. Гьеб мехалдаги Райгьанатица, чохьол эбелалъул гIадин, тIалаб гьабуна Жаннатилги гьелъул лъималазулги. Бажарухъе кверчIвалаан Аминат-эбелалъул хъизамалдаги.

Нижерги Анжоевазулги минаби рукIана мадугьалихъ. Дарсаздаса эркенаб заманалда ниж, лъимал, кидаго цадахъ рукIунаан. Къаси улбул ракIарулаан гъасде, гьез хьухьунаан щватаби, мачуял. Ниж рукIунаан расандулел. Жакъаги нижеда гьоркьоб цIунун буго вацлъиялъулаб гьеб асар.

Аминатил хъизамалда камиялги ккана: хвана бицун кIудияв вас Асилдар – дир вац МухIамадил гIелцояв, хадуй – ГIайшат (дир яц Аминатил гъудул) ва дагьалъ цеве къадаралде щвана дир вац ШапигIил гIелцояв МикагIил. Ниж школалда цIалулеб заманалдаго абадияб рокъове ана гIумруялъго рохьихъанлъун вукIарав Рамазан-даци ва анцIгогIан соналъ цее ахираталде ана лъималазул ахикь тарбиячIужулъун хIалтIарай Аминат-адаги. Аллагьас ахират лъикIаб кьун батаги гьезие.

Хизриевазулги, Анжоевазулги ва Сулеймановазулги хъизамазул гъудуллъи чIаго буго жакъаги. Амма хвана хъизамазул бутIрул – кидаго цоцалъ рекъон гIумру арал нижер эменал. Хвана имгIаласул чIужу Жаннатги – лъабго лъимадул рухIел баччизе кканиги, кIалдиса махсараги гъурмадаса гьимиги тIагIине течIей нижер хирияй ада. Дун йихъарайго, гьелъ абулаан: «Кавсаралъул лъим щваяй, ГIаршалъул рагIад щваяй» абун. Гьел рагIабазул магIна бичIчIуларелъул, лъимерлъуда дир гьелде чанги щимги бахъунаан…

Амма хвечIо лъабабго хъизамалъул гьоркьоблъи. Ниж цоцазухъе уна, пашманлъи-рохел гIахьал гьабула, вац-яцаз гIадин ургъел бикьула.

РакI батиялъе чи гьечIолъиялъ гуро – умумуз нижер ракIазулъе тIураб рокьулги адабалъулги къатIрацин билизе бокьунгутIиялъ.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# Казимир кIанцIараб бакIги бихьана

**Гъоркьиса сон Расул ХIамзатовасул юбилеялъулаблъун лъазабун букIиндал, дагьаб кватIун бугониги, нижеда, ай Ниязбег Алмахъскиясда, Муса ХIажигIалиевасда, СалихI СалихIовасда, Аюп Нуцалхановасда, МахIмуд ГIабдулвагьабовасда ракIалде ккана Хунзахъе сапар бухьине.**



ЦIада бугеб музей

Гьеб букIана февралалъул бакьулълъи. Гьеб гIужалъ кьватIире рахъарал ниж хунздерил тIалъиялде щведал, тIабигIат гIаздал цIун батана. ЦIадаре щведал, кIалъана гьеб росулъа ГьайирбегIихъе. Нижеда дандчIвайги гьабун, гьес ниж рачана ЦIадаса ХIамзатил музеялде. Гьеб буго кIитIалаяб минаялъуб. ТIоцебесеб тIалаялда буго гьитIинабго печь, дол соназ хIалтIизарулел рукIарал алатал. КIиабилеб тIала бан буго 1967 соналда, музей гIуцIиялъе хIажалъи букIун. Гьелъул къадазда руго хьизан-лъималазул гIемерал суратал. Гьенирго руго поэтасе кьурал шапакъаталги.

1943 соналда Дагъистаналъул хIукуматалъул хIукмуялда рекъон, ЦIадаса ХIамзатие МахIачхъалаялда кьун буго кIиго рукъалъул квартира ва гьев, Хъандулайгун цадахъ, гьенивe гочун вуго. Доб заманалда гьесул рокъоса гьалбал камураб мехго букIунароанин бицуна гьанже нахъаги. Цояб рокъоб гьевги Хъандулайги рукIунаанила, цогидаб рукъ - гьалбадерие.

ТIадруссинин музеялде. Гьениб буго ХIамзатил рагъда хварал васал МухIамадил ва Ахилчил суратали. Цоги буго Ахилчил сурат, рагъде иналде бахъараб. Гьеб суратталда, цогидалгун цадахъ йиго мадугьалихъ росулъа гьесул абурай ясги. Гьей ячиналде ун вуго Ахилчи рагъде.

МухIамадил чIужуялъулги къисмат пашманаб ккун буго. Гьей МухIамад хваралдаса тIокIай росасе ун гьечIо, цо йигей 16 сон барай гьелъул ясги хун йиго. Расул ХIамзатовасе яц гIадин цIакъ йокьулей йикIун йиго ХIуризадай. Гьев эбел-инсул рокъове (гьеб рукъ букIуна МухIамадие тараб) щвезе вачIиндал, гьевгун цадахъ рачIунел рукIун руго гьалбал.

Цо нухалъ гьедин вачIарав Чингиз Айтматовас квер бегьун буго гIака бечIчIун ячIуней йикIарай ХIуризадалъухъе. Гьелъ абун буго «чёрный» ян (кверал чорок ругин абун).

ХIуризадай хун йиго 1994 соналда. Музеялъул хIалтIухъаналъ нижее цIалана, ХIуризадай хведал, Расулица гьелде гьабураб кечIги.

Музеялъул хIалтIухъаби ГIайшатица ва ПатIиматица музеялъул бицун лъугIидал, нижецаги бицана ЦIадаса ХIамзат Алмахъалда АмиргIалихIажихъ цIалулев вукIиналъулги ва цогидалги лъугьа-бахъинал. Музеялъул хIалтIухъабазе кьуна нижецаго рахъарал тIахьалги.

Щвана ниж Хунзахъ бугеб кIудияб кIкIалал рагIалдеги. Гьайирбегица бицана, цересел гIасрабаз гьениб букIанила гIурусазул солдатал чIараб бакI. Гьенив офицерасул вукIарав кумекчи Казимир, цояс къварид гьавун течIого, кIанцIун вугила гьениса гъоркье. Гьедин гьеб бакIалда цIарги лъун бугила Казимир кIанцIараб бакI абун.

Ахиралда щвана Абумуслим шайихасул зияраталдеги. Ва гьедин лъугIана Хунзахъегун ЦIадабе гьабураб сапар.

***СалихI САЛИХIОВ***

## Готу-ХIамзатил баракат

Чиякълъиялдаса рес къотIараб жого батиларин абулаан умумуз. Гьединлъидалги батила, цере гIемерал лъимал гьарулер рукIарал. Гьединаб, ай лъимал гIемераб хъизамалдаса Готу-ХIамзатил хIакъалъулъ бицине бокьун буго жакъасеб макъалаялда.

ЦIунтIа районалъул Цицимахъ росу буго ралъдал гьумералдаса 2200 метралъул борхалъиялда. Гьеб росулъ, гьанжеялдаса 130 соналъ цебе, пуланаб хъизамалда гьавуна ХIамзат. Рокъоб дагьа-макъабго динияб лъайги кьун, эбел-инсуца гьев кьуна ХIалахъ росулъа гIалимчи Идрисиласухъе исламияб лъай малъизе. Хадув гьев цIалана Болъихъ, АнсалтIа, РахатIа ва Аргъвани росабалъа гIалимзабазда цеве.

**105 соналъ гIумру гьабуна Готу-ХIамзатица. Гьес ячана кIиго лъади ва гьесул букIана анлъго лъимер – цо ясги щуго васги. Гьезул щибалъул хъизамалдаги букIана 6-7 лъимер. Гьесул щибаб лъимералъги дунялалда бана 90-95 сон.**

Дол соназда дидоязул букIана захIматаб гIумру. Хуриса бачIараб хIалухъиналъ хьихьулаан хъизам. Гьеб гIолареб заманалда унаан Гуржиялъе. Гьарулаан чабхъеналги. Гьел чабхъеназулъ гIахьаллъана ХIамзатги, ва гуржияз гьесда лъуна «Готу» абураб тIокIцIар. Гуржи мацIалда гьелъул магIна ккола «рачI кьокъаб гьалбацI» абураб.

105 соналъ гIумру гьабуна Готу-ХIамзатица. Гьес ячана кIиго лъади ва гьесул букIана анлъго лъимер – цо ясги щуго васги. Гьезул щибалъул хъизамалдаги букIана 6-7 лъимер. Гьесул щибаб лъимералъги дунялалда бана 90-95 сон. Гьезул буго гIумру халатал гIадамазул кьибил. ГьабсагIаталда Готу-ХIамзатил цониги лъимер чIаго гьечIо. Амма лъималазул лъималги малъун, гьесул наслуялъул вуго 50-ялдасаги цIикIкIун чи. Гьел ккола захIмат бокьулел, хIалтIулъ жигарчилъи бихьизабулел гIадамал. Гьезул рахъана гIухьбигун къадахъабиги, медсестрабигун тохтурзаби, педагогалгун юристал. Масала, ХIамзатил вас ГIабдулагь гIумруялъго вукIана вехьлъун. Гьесул яц Зайнабица гIумру бухьинабуна боцIухъаналъиялда: ТIарикъколода гьелъги росасги хьихьулаан гIи-боцI1и. ХIамзатил лъабабилев вас ХIасбула гIемерал соназ хIалтIана «Победа» колхозалъулги Шапихъ росдал советалъулги председательлъун. Гьесул лъималазги, аслияб къагIидаялда, тIаса бищана дунявияб лъай. Гьезул рахъана батIи-батIияб махщелчагIи. ХIасбулал васазул цояв, АхIмад, ккола ЦIунтIа районалъул бетIер.

Пачалихъалъ гьабулеб кумекги букIаго, цо-кIиго лъимерцин хьихьизе захIмалъулин абун зигардула гьанже гIадамал. «Хочу жить для себя» абураб хIиллаяб пикруялдаса эркенлъичIони, щибаб росдал жамагIат гьитIинлъизе, мигьлъизе буго. Гьелдалъун дагьлъизе буго нилъер халкъалъул къадарги.

***ХIажи НАЖМУДИНОВ,***
***ЦIунтIа район, ВицIиялъ росу***

# ЦIадаса ХIамзат херехьдерил тарихалда

**Исана 147 сон тIубала ЦIадаса ХIамзат гьавуралдаса. ШагIирасул гIумруялъул ва творчествоялъул бицун, гьев ракIалде щвезавиялъул мурадалда, чанго соналъ цебе гьесул хIакъалъулъ дица цIехон букIана Харахьиса НурмухIамадова ПатIиматида, Заирбегова Аминатида ва цогидазда. Масала, НурмухIамадова ПатIиматица бицана жий гIемер кколаанин унтарав васги вачун МахIачхъалаялде, больницаялде.**

- МахIачхъалаялда Харахьиса цохIо Заирбегил хъизан гурони букIинчIо гьоб заманалда гIумру гьабун. Гьединлъидал кидаго гьезухъ рещтIунаан. Гьезухъе вачIунаан ЦIадаса ХIамзатги. Гьес гIемер абулаан: «Нуж, херехь, махсара гIемерал, рагIи бегIерал чагIи руго», - ян. Дун ячIиндал Заирбегил хъизан СагIидатица абулаан ХIамзат ахIизе кколин, магIарухъа чагIи рачIиндал хабар-кIалалъе жиндаги лъазабеян абулин ХIамзатицаян. Гьев вукIана гьобол-гьудул гIемерав, гIадан хирияв чи. Гьесухъ рещтIунаан МахIачхъалаялде магIарухъа рачIарал, сордо базе бакI гьечIел чагIи. Гьезда лъалаан ХIамзатица гьоболлъи гьабулеблъи, - ян бицунаан НурмухIамадова ПатIиматица.

Заирбегил яс Аминатицаги бицана жиндир рекIелъ гьев хутIанила гIаданлъи бугев, гьобол-гьудул хирияв, кепаб хабаралъул чи, гьаваридаб магIнаялъул рагIул устар хIисабалда. Жий доб мехалъ йикIанила жеги гьитIинай гIадан, йикIаниги гIезегIан лъикI ракIалда вугила. Лъимал гьесие цIакъ рокьулаанила, тIаде вачIаралъув гьенир лъимал ругони, гьел аскIоре ахIун, гьикъа-бакъарулаанила. Гьединго Аминатица бицана гьес абулаанила Хъандулалда алъул кьибил-тухум Харахьиса кколин абун.

ЦIадаса ХIамзатил вукIана гIемерав гьобол-ги гьудулгиян бицунаан ДагъистаналъулмустахIикъав учитель, гIемерал соназ авар мацIалъул мугIалимлъун хIалтIарав Харахьиса мунагьал чураяв Маликил Басирицаги.

Гьесул гIаданлъиялъги, гьорлъ восиялъги, каламалъул бегIерлъиялъги ватила гьев бачIинахъего гIадамазул рекIелъ восулев вукIарав. Гьес гIадин асарал хъвалев чиги вукIинчIо ва вукIинги щакаб бугоян бицунаан Басирица.

ГIараб гIелму цIалулев Сивухъ вугеб мехалъ гьесул лъикIав гьудул вукIана Харахьиса Жамалудин, имам ГъазимухIамадгун Генуб къварилъухъ гъазаваталда хварав, гьесул мурид ГIалихIажил наслуялъул чи.

Жамалудинил яс Хадижатица бицунаан оцги бачун вачIунаанила ХIамзат Харахьиве, жиндир инсулги букIанила оц, кIиябго оцги пурцида бан, рекьарулаанила Жамалудинги ХIамзатги, цинги унаанила цадахъ ЦIадареги рекьаризе.

Хъандулалъул кIудияв эмен вукIана Харахьиса, ЦIадаве вачIун, гьенив чIарав чи. Гьелъ гIагарлъиги букIана ХIамзатил Харахьиб.

ХIамзатил кучIдул, гьел гIадатиял кучIдул гуро. Гьел руго «гIакълудал гъамсал», тарбия кьеялъул кьучIал, гIелмудал ралъадал, гIакълудал гIорал, рагIул ва пасихIлъиялъул рорхатал мугIрул.

ХIамзатица къалмиде босичIеб, квешабги лъикIабги доб заманалда ккараб лъугьа-бахьин хутIичIин абизе бегьула. Гьеса лъалаан кигIан пашманабги лъугьа-бахьин копоего сверизабизе.

БатIи-батIияб росабалъ ккарал лъугьа-бахьиназде гьес хехго гьабулаан кечI. Гьесул цо чанго кечI буго Харахьир ккарал лъугьа-бахьиназда хурхаралги.

Цебе гIака бугезухъа бахъулеб букIун буго нахул налог. Нах бакIаризе ва районалде щвезабизе тIадкъарав чиги вукIана, ХIамзатгун цадахъ Сивухъ мадрасаялда цIалулев вукIарав гьесул гьудул ва гьобол Маликил Жамалудин.

1935 соналда Харахьиве боцIул хъвай-хъвагIай гьабизе чи вачIиндал, ГъазимухIамад абулев чияс, бокьосаги бачун, бахчун буго бече рокъоб. Исана нижер гIакдаца бечеги гьабичIин, бечIчIулебги гьечIин абун буго гьес. Амма рокъосан, тIаде рачIарал иналде, гIергIедун буго бече. Гьеб бицен рагIидал, ХIамзатица гьабун буго гьадинаб кечI:

**Исана гIадинаб сонго лъаларо,**
**Лъабго моцI баледе бече кIалъараб.**
**Мегеж хъахIлъизегIан рагIараб гуро**
**МагIарул мацIалда боцIи кIалъараб.**


ЦIадаса ХIамзат, рагъда чIварав вас МухIамадил ясгун

**Росулъ хIайваназул хIисаб хъвалелъул,**
**Къаси ургъун вуго ГъазимухIамад,**
**Бригад вачIиналде чIухIараб рокъоб**
**Къан нуцIбигун бече бахчун лъикIилан.**

**Исана дир гIака хIорлъанин абун,**
**ХIилла-макруялда кIалъан вуго ав.**
**Асул рагIиялде гIамалги гьабун,**
**Бригад унев мехалъ ахIи бан буго.**

**«Эбелалда цадахъ дунги хъвайилан»,**
**НуцIида гьоркьосан гьаркьахун буго.**
**Лъаларо, бригадги гIакайилан ккун,**
**ГIергIедун батизе нух буго элъий.**

Цогиги буго ХIамзатил Харахьиб ккараб лъугьа-бахьиналде гьабураб, «ГIакIаде кини бахъи» абураб кечI.

Лъеберабилел соназда ликбезги рагьун, кириллица малъизе рачIинарулел рукIана киналго. Гьедин лъабго лъимадул эбел Хъанича, гIисинал лъималги рукIун, ячIун гьечIо къасимехалъ рукIунел рукIарал гьел курсазде, гьелда гьитIинаб кьоялдаса нахъе лъикI лъалеб букIун буго гIараб хъвайхъвагIай, гIажам, цIалулеб букIун буго КъурIан. Гьенире рачIинчIезде гIакIа кьотIулеб букIун буго. Гьедин Хъаничал гьобаса гIакIаде бахъун ун буго кини, моцI бараб лъимерги кинитIаса нахъе бачун.

ЦIадаса ХIамзатица кечI гьабураб гьеб кини цIунун буго гьабсагIатги росдал музеялда.

**Дир гьитIинаб гIарза завОНОясде,**
**Зулмуялъ къвал байдал, кьватIиб рехараб.**
**Къалмил мацI пулхараб гьалагаб кагъат,**
**Гьаргщулеб магIица багIар белъараб.**

**Букъараб заргIанаб ГIисаевасул**
**«ГIадлудал» кутакалъ квегъулел руго,**
**«Красный партизан» ЗайнулгIабидил**
**Зулму бергьун буго гьаб нижер росулъ.**

**Радал ликпункталде кватIунин абун,**
**Кини ана бахъун, бехьерхъун босун.**
**Карандаса тIечIеб лъимерги рехун,**
**ЛъикIго йикIа абун, кIал гьикъун тана.**

**Дун, моцI бачIеб лъимер карандеги къан**
**КидалъагIан, ОНО, адин йикIиней?**
**Кинида гурони макьу щоларин,**
**Щиб дица гьабилеб гьаб рижиялда?**

**Авги «хIукуматалъ кверщел кьун тарав»**
**Кутак чи рагIулин, гIайиб щиб бугеб.**
**«Кинабго ихтияр жиндихъ бугилан»,**
**Живго мукIурлъанин, кIалъан пайда щиб.**

**КIиго къо иналде прокурорас**
**Киниги баччун ав тIаде ахIана.**
**ТIокIаб гьадинаб иш гьабиларедухъ,**
**Гьале туснахъилан, тункун рехана.**

ЦIадаса ХIамзатил руго пьесабиги. Гьес гьенирги къватIир чIвазарулел руго рокьукъаб гIамалги, рекъечIел гIадаталги, хашаб яшавги. Гьесул руго лъугIичIел пьесабиги. Масала, «Генуб къварилъухъ» абураб. Гьениб гьес хъвалеб буго: «Пардав рагьарабго бихьизе буго гендерил кIкIалахъ ГъазимухIамадил хIужраги гьелда цебе гьабураб щулалъиги. Гьенир данделъиялда 15-гIан чиги. Гьезда гьоркьор ГъазимухIамад, Шамил, Харахьиса ГIалихIажияв, Инхоса НурмухIамад, гIалимчи ХIарикколоса СагIид гьел цогидалги…», - ян.

ГIалихIажияв кколаан имам ГъазимухIамадил мурид, гIалим. Гьенибго гьес бихьизабулеб буго Генуб къварилъухъ ккараб рагъул хIакъикъат: «ГIалихIажияв, гIодов ккарав чи, хъат цIураб ракь речIчIулев вукIана, «гьаби», «малгIунал», «тушбаби» абун ахIулаго…», - ян.

ХIамзатица магIарул мацIалде руссинаруна Пушкинил, Жуковскиясул ва цогидазулги асарал. Таржама гьабулаан гIараб мацIалдасаги.

ГIасругIанасеб заман аниги, ХIамзатил гIемерисел асарал руго жакъа гьаруралгIанги нилъер гIумруялдеги дандекколел. Гьесул жиб-жиб кечI буго гIумрудул хIакъикъат рагьараб.

Бицуна ХIамзатица абулаанин шагIирлъун жив халкъалъ гьавунин абун. «ШагIирлъун вахъинавуна халкъалъ ва дир библиотека букIана халкъ. Дир гьабураб хIурматги буго халкъалъул гьабураб хIурматлъун. Щайгурелъул, дун вуго халкъалъул чи ва ярагъги дихъ буго халкъалъ чархида ккураб», - ан хъван буго ХIамзатица.

***Гулишат ИЛЬЯСОВА,***
***Харахьи росу***


ЦIадаса ХIамзатил мина

# Ахирияб кагъат Донбассалдаса

(Сайгъат гьабула Донецкиялда чIварал гIолохъабазул лъудбузе)



Залму БАТИРОВА

Лъади, тIаса лъугьа дуй талихI кьезе
Ракьалда дир гIумру хехго кьокълъана.
Нижер бихьиназул къвакIиги яхIги
ХIехьезе лъудбузда тIаде бегула.

ТIаса лъугьа, даим цадахъ йикIине,
Цадахъ рагьде лъудби рачунарелъул.
Дир гьитIинал тIанчIи карандеги кьан,
Кьороллъуда дихъа мун хутIаралъухъ.

БукIинчIо лъималги мунги кIочараб,
Чан сордо аниги, дир окопалъуб.
Дур рокьиялъ кьуна къуватги жанги
Дур къвакIи кидаго букIана дунгун.

Ахирисеб нухалъ цIалулеб буго
Дур ахираб кагъат дихъе бачIараб.
«Свакарав, лъукъарав, лугбал камурав,
Кинав вачIаниги, балагьун чIелин,
Фашистазул наслу гIодоб лъезегIан
Дун бергьенлъиялъухъ балагьун чIелин».

Баркала, хирияй, гьеб дур яхIалъухъ,
Дие къуват кьолеб дур сабруялъухъ,
Дида кьанал чIвараб кьо бачIаниги,
Божа, бергьенлъиялъ босила тIокIлъи.

КъвакIун чIа, мун дида хадуй гIодуге,
Лъималазда магIу бихьизе тоге.
Дун берталъ вукIинчIо, рагьда вукIана
Чанги дун гIадинал камуна гьанир.

КъуличIо дир бетIер тушманзабазе,
Гьалмагълъи цIунизе рухI кьуна дица.
ГIедал вас нечолеб нух дица течIо,
Умумул намусаб лъалкI дир хутIичIо.

Дие дахIададал нух насиблъана,
Досулги хоб гьаниб - Донецкиялда.
Эркенаб мехалъ дун гьениве щвана –
Гьедана досул нух цIунун вагъизе.

Дун дир ватIаналъул тIухьи вукIана,
ТIаде балагь щвани, гьелда речIчIизе.
Дун дир ватIаналъул чIорлъун вукIана,
ЧIечIо тушман. Дица борлъана керен.

ЧIегIераб гуллица борцана гIумру,
Дир кьоял рикIкIине гIедегIана гьеб.
Бокьилаан дие мугIрул иццул лъим,
Гьал ракьварал кIутIби риччизаризе.

Кьо ккедал букIине кьуна дий гIумру –
ГIадамазе бакъги зобги цIунизе.
Берал кьанщилалде бокьилаан дий
Рукъалъул гордухъан зобал рихьизе.

Эбелалъул чадил гьуинаб махIалъ
Гьаб дир бетIералда кверал рахъизе
Гьей каранде къазе, гьелъий гьимизе,
Дир яхI камиллъулеб квер духъе кьезе.

Бокьилаан васас, дандеги вачIун,
«Дада!» - янги ахIун, дида къвал базе.
Жеги йилълъунарей дадал хазина –
Регьун кверални яс кодой кIанцIизе.

Гьал руго хирияй, рекIел хиялал,
Амма холев вуго налъиги тIубан.
ТIинкIизе биччаге беразул магIу,
Дидасаги чIухIун, бахIарчиго чIа.

Жеги ярагъ базе гъуждул гIелалде,
Дун ватIан цIунизе куцан вукIана.
ТуманкIул харил махI щибан лъалелде,
Гьелъий гIумру кьезе къачIан вукIана.

Дица дирго налъи тIубанин тела,
ВатIаналда цебе, васасда цебе.
Цо-цоккун орденал цереги росун,
Бице васасда дун кин хваравали.

Дир аманат, лъади, лъимал дир гIедал,
Гьезда мацIги цIарги кIочене тоге.
Халкъалъул тарихги бахIарчилъиги
Гьезул рухI куцазе камилго малъе.

Дун зобалаздасан нужехъ валагьун,
РакI бохун, хIал бохун, халккун вукIина.
Рагьда шагьидлъарал гIолохъабигун
ГIагараб ракьалъе иман гьарулев.

ЗахIматаб мехалъул гьитIинал тIанчIи,
Дуца гьезул рекIел бацIцIалъи цIуне.
ГурхIел-рахIму гьечIеб заманаялъул
Зарал гьезда щвезе дуца биччаге.

Ругъназде къулараб дуниялалъул
Дуца магIу бацIцIе гьездаса балъго.
Гьел жеги ургъалий гьитIинго руго
Дурабгоги магIу бахче гьездаса.

Донецкиялъул ракь гIодулеб буго,
МагIил гьаракь гъутIбулъ багъулеб буго,
Анкьзобалаздасан хIурулгIинзаби,
Гьеб кьо ахIаразде хьандолел руго.

Гьаниб гIадамазул лъикIаб хIал гьечIо,
Руссине бакI гьечIел, ине бакI гьечIел,
Нужни тIохикь руго, рокьоб цIа буго,
Гьаниб тIох ракьалда бащалъун буго.

Жакъа гьазда бугеб хIал бихьуларел
Бандерилал гIарац рикIкIунел руго.
Гьаниб жиб-жиб кьотIноб магIирукъ буго,.
Цин гьал ракIалде щва, магIу тIелалде.

Хирияй, дида тIад зани чIваниги,
Божа, даимлъила нилъей бергьенлъи.
Тохав Байденица гьоркье рехараб,
Европаялъ килщал чанги хIанчIила.

Россияги бичун, чед балагьулел
Хьатиний гIодулеб кьо тIаде щвела.
Биценго сурарав Макронил квераз
БацIцIе абе гьезул чвахулеб магIу.

Бихьинлъи лъалареб, цIулъи лъалареб
ЦIукIабазул цIураб гьагаб Европа.
РикIкIада гьечIо кьо, накабиги чIван,
Россиялда цебе гьеб эхетулеб.




# Гьаб гIузру сахлъичIони...

Кьалбал кьотIун рехараб
ГьветI гуро дуй Дагъистан.
Гьелъул гьумер нечолел
ЧагIи кисан раккарал?

Кьанщарал умумузул
Адаб гIодоб рехизе
Доз тарал гьунаразул
ЛъалкIал щай кIочон тарал?

НуцIида рахай лъечIел
Умумузул наслаби,
Бице, нуж цIогьодизе
Лъидаса ругьунлъарал?

Какие чуричIого,
Квен улбуца гьабичIел
ХIарамлъи тIибитIизе
Балагьлъун щиб батараб?

ГIазул мугIрузда гIурал
КъвакIарал умумузул
Квач хъварабго ченхъолел
Лъимал щайдай лъугьарал?

Кьолбол гIагарлъи цIунун,
ГIумру арал умумул.
Яцал-вацазде гьоркьой
Ракьа лъица рехараб?

Нужеда умумузул
Тарих кIочон теялъдай
Жакъа бачIун, квешаб кьо
Нилъер щокъроб хурхараб?

БахIарчилъи гIумруялъ
БукIарал умумузул
ХIажимурад какулев
Цо-цо хIинкъуч кин гIурав?

Телефонги, диванги,
Дарсалъ гьечIеб тадбирги
ГIун бачIунеб гIелалъе
Балагьлъун гьечIищ жакъа?

Кьалбал кьотIун рехараб
ГьветI гуро гьаб Дагъистан
Гьелъул кьалбал кIочарал
ЧагIилъун гIезе гьечIо.

Кицабигин биценал,
Хьвади, цIарал, лебалал,
Гьел цIалун лъачIонани,
Гьаб гIузру сахлъуларо.



# Щивав унтарасда цадахъ хола тохтурасул ракIги чIаголъиги

## ХъахIаб халгIаталда гъоркь кIутIулеб рекIелъ кинаб балъголъи бахчун бугеб?

**«Дарабазде черхги чияр цIобалде рукъги ккогеги», - ян абураб гIакъилаб кици буго умумузул. Гьаб заманалда больницаялде ккезе хъван батугегиян гьарула нилъецаги. Амма нилъеда гьикъун бачIунеб жо унти гурелъул, Аллагьасе рецц гьабизе ккола унтарал сах гьаризе ТIадегIанас гьунар кьурал тохтурзаби нилъер рукIиналъухъ. Масала, гьединазул цояй ккола МахIачхъалаялъул Ветераназул госпиталалда хIалтIулей йигей ГIисаева Раисат.**

### Тохтуралъул хIалимлъи ва хIалкIолъи

- Лъабабилеб нух буго дир гьаниве вегизе вачIаралдаса. Амма Раисат гIадин унтаразда гурхIулей, иман бугей тохтур цоги йигищали лъаларо. Гьей гуро дир гIагарай гIаданги. Амма унтаразул гьабулеб тIалаб бихьидал, ракIалде ккунцин букIана гьадиназул хIакъалъулъ щайдайин газетазда хъваларебин абун, - ян бицана гьенив вегун ватарав Лаваша районалъул УхIлиса Гьайирбегов МухIамадица.

- БатIи-батIияб заманалда лъабгониги моцI базе ккана дицаги гьаниб. Раисат радал хIалтIуде ячIаралдаса, хъахIаб халгIатги ретIун, кабинеталдего къалей йихьичIо. Щивав унтарасухъе щола, сахлъи цIехола, къваригIараб чIезабула. Меседил батила гьалъул ракI, щивав унтарасе хъулухъ гьабизе сабру гIолеб, - ан бицана ГIахьвахъ районалъул ЦIолодаса Гьазиев Низамудиница.

### Гериатрал - херал чагIазул тохтурзаби

Нижер накъиталъухъ гIенеккун йикIарай Раисат цин елъана ва хадуб абуна гьедин еццизегIанасей гIадан жий гурин. Жиндасаги цIакъал цIакъго гIемер ругин абун. Амма кин батаниги, яхI гьабизе кIвечIо Раисатие цо чанго суал кьечIого.

**- Раисат, тохтуразабазе баркала загьир гьабурал кагътал гIемер рачIуна «ХIакъикъаталдеги». Амма унтарав чиясе дару гьаби бугоха щивав тохтурасда тIадаб борч ва гьединлъидал баркала щай кьезе кколеб? Яги нилъер заманалда тIадаб иш тIубазаби къанагIатаб жолъунцинищ ккун бугеб?**

- БитIараб суал кьуна дуца. Жакъа дица нухмалъи гьабулеб отделениялда дагьал гьечIо гIолохъанал тохтурзаби. Гьезул киназулго гуро сабруги яхIги гIолеб унтарасе рекъолеб калам гьабизецин. Гьанжесел гIолилал дагьал гогьал, гIанчIал, сабру гьечIел руго. Дица щивасда кидаго абула, щивав унтарасдехун букIине кколин бищун цевесев дурго гIагарав чиясдехун гIадаб балагьийилан абун. Дица нухмалъи гьабулеб отделение буго хасаб. Гьаниб гьабулеб хIалтIи, унтаразе гьабулеб хъулухъ, ай кинабго батIияб буго. Гьединлъидал гьаниб жеги цIикIкIун хIажалъула жавабчилъиги, кIварги, хIеренлъиги.

**- Щиб хIалтIи нужер отделениялъ тIубалебали дагьаб гIатIидго бицани бокьилаан.**

- Гьаб ккола херал, гIажизал гIадамазе хъулухъ гьабулеб отделение. Гьаб рагьана 2019 соналда ва гьале щуго соналъ хIалтIулеб буго. Гьанире рачIуна ракI унтарал, диабет бугел, рукьби цIунулел ва гьел гурел цогидалги гIузраби ругел херал чагIи. Гьезие хIажатабщинаб



Гериатриялъулаб отделениялъул коллектив (Раисат ГIисаева - бакьулъ)

ЦIикIкIараб ригьалъул гIадамал рукIиналда бан, унтаразе хъулухъ гьабизе гуребги, херав чиясул тIалаб-агъаз гьабизеги, гьезие рекъараб калам батизеги, гьел ричIчIизеги куцала нижер отделениялда хIалтIулел чагIи.

чIезабунги буго клиникаялда, дарабазул рахъалъ къварилъиги гьечIо.

Цогидал больницабазда регаразул букIуна цо чIванкъотIараб унти.



Нижехъе рачIунел харабазул абуни камурал унтабиго рукIунаро ва гьез тIагIамбахъи гьабидал рачIуна гьанире регизеги.

ЦIикIкIараб ригьалъул гIадамал рукIиналда бан, унтаразе хъулухъ гьабизе гуребги, херав чиясул тIалаб-агъаз гьабизеги, гьезие рекъараб калам батизеги, гьел ричIчIизеги куцала нижер отделениялда хIалтIулел чагIи. Херал чагIазда гIадада гуро абулеб, цоцIул кIодолъулел, кIицIул гьитIинлъулел гIадамалилан. Гьединлъидал гьезда хадуб гьабулеб тIалабги букIине ккола гьелдаго релълъараб.

Цо-цо хIужаби рукIана халатккун заманалъ регун ругел унтаразда хадур, нуж хунищ яги рахъунищ ругелин абун хадув ваккизе чиго вачIунарел. Унтарай эбелалъухъе я яс, я вас рачIинчIел хIужабиги ккана. Гьединал иман гьечIелги руго цо-цо чагIи. Гьезда ракIалде кколеб батилароха, метер жидергоги къисмат гьединаб ккезе бегьулин абун. БадибчIвай цIакъ хехго бихьулелъулха.

Гьедин гIагаразги къварид гьарун, ракI бекун хутIарал херал чагIиги рохизаризе хIаракат бахъула нижеца. Гьезда гьавураб къо ялъуни кинаб бугониги байрам баркула, сайгъатал кьола. Рохуца холел рукIуна гьелги, нижее гьабулеб гьара-рахьиги камуларо. Гьелдаса тIокIабги къиматабги жо щибха букIинеб тохтурасе?

### ХьулкъотIиялдаса захIматаб жо гьечIо

**-Раисат, тохтурасда абула инсанасул чурхдул къачIалев къебедилан абун. Цоги абула, щивав унтарасда цадахъ холин ва гьев сах гьавизе кIведал чIаголъулин гьесул ракIинги. Дур хIалтIулъ бищун захIматаб жо щибин гьикъани, кинаб жаваб кьелеб?**

- БитIараб жоха, щивав унтарасда цадахъ холев, гьесда цадахъ чIаголъулев чи вуго тохтур. Бигьаяб жо гуро захIматго унтарав, хвалил гIорхъоде ккарав чи сах гьави. Къоял лъугIарал, кигIан ниж къеркьаниги, анир хутIуларо, амма Аллагьасде божилъигун бажарараб гьабула.

Гьединлъидал бищун захIматаб жо буго, хьулкъотIараб унтигун вугев чиясе гьабизе кIолеб кумекги гьечIого, чаракъосун дунго хутIи. Гьереси щай, цо-цо мехалда ккола, дурго рухIги гьесие кьун чIаго гьавизе кIолеванищ гьевилан. Чаракъосараб мехалъ рачIуна гьединалги пикраби. Жиндирго гIумру къурбан гьабизе хIадурго ватула цо-цо мехалда тохтур, гIайиб гьабуге, дида дур эмен, эбел яги яц-вац хвасар гьаризе кIвечIин абураб кьогIаб хIакъикъат бицине гьезул гIагаразда аскIове инегIан. Бихьарасда гурони гьеб бичIчIуларо.

*Гара-чIвари гьабуна*
*Ашахан ЮСУПОВАС*

**ХъахIаб халгIат ретIарал маккал гIадинал ясал,**
**ГIажаибго берцинал, гIамалалъулъ куцарал.**
**Жидерго хIалтIи лъалел, лъимал гIадал разиял,**
**Унтаразул ракIазе кIудияб рохел кьолел.**

**БетIералда Раисат, хадуй - Багьжат – хIеренай,**
**Тохтирлъи камиллъарал, лъай-бажари цIикIкIарал.**
**Гьимун калам гьабулей, гьурмада гугьар бугей,**
**Рацилъа яс Хадижат хириязулъ рехсола.**

**ТIукитIаса ХIалимат хIалимайлъун йихьана,**
**Капельницаби лъезе гIедегIун радал щолей.**
**ЦIуриса Сапиятги Могьохъа ПатIиматги,**
**Сардал рорчIун, макьу тун, унтаралгун рукIуна.**

**ЦIарал хъвачIел цогидал, гIайиб диде гьабуге,**
**КинабгIаги рецщалъе мустахIикъал руго нуж.**
**Адабги унтаразе, хIажатаб букIин лъалел,**
**Лъайгун гIакълу Къадирас сайгъаталъе кьун бугел.**

**Кванил бицен гьабуни: богогьаби, персонал,**
**ТIагIамаб квенги босун, щивасухъе рачIуна.**
**РацIцIалъигун узданлъи, унтарал разияб хIал,**
**ХIисабалде босани, кинабго камиллъула.**

**Божи буго унтарал анир сах гьариялде,**
**Гьарурал дарманалги дарулъаги нижее.**
**ХIалтIи лъалел тохтираз цIураб отделение,**
**Къимат нужер цIикIкIаги, шапакъаталги щваги.**

*ЦIолодаса Низамудин ГЪАЗИЕВ*

## Тарих

# Мусал ГIадаласулги, ЧIегIер ХIожолги, ХIажимухIамадилги харбал

Гьев ХIожо Унсоколоса вукIун вуго. ГьитIинав чияс, жегиги ЦIоралде инчIев гьес эбел йитIун йиго цо мадугьалихъа яс жиндего абизе. ЦIоралдеги ун хъазахъги кквечIев, жеги чабхъадулъги гIахьаллъичIев чиясе жидеца яс кьоларилан абун бачIун буго гьез. Эб ХIожода цIакъ квеш букIун буго. Жиндирго ункъгIалалда чадалги гьаризарун, къваригIараб тарабги босун, ЦIоралде вилълъун вуго. Эс абулаланила, жив ЦIоралдеги щун, гIабдал гIадин, къаси терелев вукIаго, жиндихъа цо тамахаб жоялда хIетIе чIанилан. Жиндица хIетIе тIад цунин, амма кодобе босичIин. Гьелдаса бахIарчияб хIалтIи гьабичIин жиндицайилан.

Гьанже эв, ЦIоралъул хIалги лъаларев чи, гьабилеб жоги лъаларого, терелев вукIун вуго. Цо заманалда гьесда рихьун руго, цо кIудияв чиги цадахъ гьитIинав гIолохъанчиги, цебе къотIун кIи-кIи оцгун рохьоре-хун рачIунел. Цо кIудияб гъотIодехун оцалги рухьун, эл кIиялго рохьил тIарадегIан рахун руго.

Гьанже ХIожоца кIиялго оцалги ричун риччан, живго вахчун чIун вуго. Заманалдасан дов кIудияв чиясда, инсуда, рихьун руго оцал инел. Васасдеги семун, оцал рухьине витIун вачIуна дов гIолохъанчи. Гьанже ХIожоца эв васасда хадувуги вилълъун, гъванщилъ туманкI бан буго ва хурхун тIадгун гIодов речIчIун вуго гьев гIолилав. ГIодов речIчIун хадубги, тIад квеш-квеш накабиги тункун руго. Рачлихъ бан букIараб гьесул таманчаги бахъун, вухь-вухьун гIодов лъун вуго ХIожоца оцазул бетIергьанасул вас. Гьенисаги дагьаб тохаб бакIалдеги вехъерхъун, цо гъотIодеги щула гьавун вуго. Гьесухъа гIодобе бортараб хъабарчаги жиндиего босун буго, эсул тIагъурги лъун буго. Васасул букIараб ретIелги ретIун, рачун оцалгун гьав вачIунев вихьидал, дов кIудияв чи, ав жиндирго василанги ккун, цIакъ квешго семизе лъугьун вуго.

Гьесухъ рукIарал оцалги гъотIодехун рухьун, васасего гьабураб эсиеги гьабун буго ХIожоца. Гъванщилъ туманкIги бан, каранда тIад накабиги тункун вухь-вухьун лъун вуго. вухулаго вачун васасде аскIове гьевги вачун вуго. Жиндирабгоги, гьезухъ букIарабги - кинабго къайи-матахIги гьезда баччизабун буго, цебе къотIун ункъабго оцги бачун, вилълъун вуго Унсоколове.

ХIожоца абулаанила рокъоре щвезегIан жиндица гьел цо квешаб хIалалда ракъизеги течIин, ва амма кIалдиб квенги жиндицаго лъолаанин гьезда. Росулъе щвараб мехалъ, цо хъазахъги кьунин гъой жиндиего абизе йокьун йикIарай гIаданалъе, кIиго оцги кьунин, хадуй гьейги ячанин.

***«МагIарулалъ хъварал тарихиял асарал» абураб тIехьалдаса***

## Реклама

Команда газеты «Дагестанцы», после многолетнего сбора рабочего материала, начала формировать книгу об аварцах под названием «Мой Аваристан».

Просьба к специалистам, знатокам аварской истории, краеведам, директорам школ и главам сельских поселений, где проживают представители аваро-андо-дидойских народностей, сообщить известные вам сведения о личностях прошлого и настоящего, достойных занять место в книге.

**Алисултан Газимагомедов**
**E-mail: avars.pro@mail.ru**
**Тел: +79285871948**
**+79634020048**
**+9634282448 (офис)**

## Зигара

**«ХIакъикъат» газеталъул коллективалъ зигара балеб буго газеталъул хIалтIухъан Рукъигат ГIалисултановалда эмен ГIайнудин къадаралде щвеялда бан. Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги.**

* * *

**«ХIакъикъаталъул» хIалтIухъабаз Хадижат Арчамовалда зигара балеб буго эбел ПатIимат къадаралде щвеялда бан. Аллагьас алжаналъул агьлулъун гьаюн ятаги, нахъе ругезе сахлъи кьеги.**

## РагIикъотI




**ГIебеде:** 7. Сверухъ бакIалда релълъун тIомол кьер хисулеб ччут. 8. Даран-базар гьабулев чи. 9. Бика, госпожа абун кIодо гьарун руччабазде гьабулеб хитIаб. 13. Унтарасе дандекколеб кванил низам. 14. МагIарулав, эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул ва Европаялъул чемпион. 15. Халкъияб информациялъул алат. 16. Насранияб диналъул, килисаялъул мулла, священник. 17. ЦIакъ кутакаб гьури. 20. Маргьабалъ гIемер рехсолеб жанавар. 21. Грузиялда бугеб гIор. 22. ШаргIияб тIехь. 24. Тамахаб хер. 27. Нилъеца кьезе кколеб тIадлъураб налъи. 28. ЧчугIил тайпа. 29. А. П. Чеховасул «Дядя Ваня» пьесаялъул гIахьалчи. 32. ТIоцебесеб классалъул цIалдохъан (гIурус рагIи) 34. ЦIех-рехалда вугесулгун гара-чIвари. 35. Африкаялда бугеб гьитIинабго пачалихъ. 36. ТIехьалъул цIияб бетIер. 37. Драмаялъулаб асар.

**ГIодобе:** 1. Къалмазул гъутухъ. 2. Мискинав, язихъав, пакъир, гъарин. 3. Унеб рахъ-мухъ бихьизабулеб алат. 4. Бахчадул культура. 5. Документал ва хъварал жал цIунулеб идара. 6. Рагъул заманалда, рохьазда рахчун, тушманасда кьаби щвезабулев отрядалъул чи. 10. Дагъистанияв, гугариялъул рахъалъ олимпиадаялъул чемпион. 11. Пихъил цо тайпа. 12. Ххамил тайпа. 13. Космонавт. 18. ГIакълу кьезелъун бицараб, хъвараб къокъаб хабар, къиса. 19. ГурхIел, цIоб. 23. Лъабго чу бараб гьоко. 24. Муса аварагасул къануназул тIехь. 25. Цогидаз кьураб жоялдаса бетIербахъулев чи. 26. Европаялъул пачалихъ. 30. Аллагьасул илчи. 31. Азербайжаналъул Каспий ралъдал рагIалда бугеб шагьар. 32. ХIатIикь тIамулеб турут. 33. Инсанасул лага.

*ГIуцIана ГIалиасхIаб ДАВУДМИРЗАЕВАС,*
*ЧIарада район, Гьочоб росу*

**10-аб. номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал:**

**ГIебеде:** 1. Труба. 4. Штамп. 9. Махсара. 10. Квартал. 14. Алазани. 15. Танкист. 16. Накку. 17. Камбала. 19. Ростова. 21. Руз. 23. Тайга. 24. Арена. 27. Кьал. 31. Адресат. 34. Самогон. 36. Астма. 37. Ветеран. 38. Карьера. 39. Капитан. 40. ТIабигIат. 41. Нарва. 42. Алжан.

**ГIодобе:** 1. Рассада. 3. Буртина. 5. Таватур. 6. Меринос. 7. Казарма. 8. Загьидов. 11. Чайка. 12. Щукру. 13. Атлас. 18. Лайка. 20. Опера. 21. Ракь. 22. Зал. 25. Раква. 26. Тротуар. 28. Актер. 29. Агрегат. 30. Инсап. 32. Сардина. 33. Танкаев. 34. Саксаул. 35. Мортира.

**ХIАКЪИКЪАТ**

**БетIерай редактораяъул ишал тIуразарулей**
ХIАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна
65-00-66

**Заместителал**
Зикрула ИЛЬЯСОВ
Темирхан ХIасанов
(На общественных началах)
**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал:**
**Тарих**
Редактор:
**Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ**
МухIамад Манапов

**Информация, политика, гIелму ва лъай кьей**
Редактор:
**Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГIалисултанова

**РухIияб хазина**
Редактор:
**ПатIимат ГьитIинова**
ПатIимат СултIанмухIамадова

**Адабият**
Шамай Хъазанбиева

**Росдал магIишат**
Редактор:
**ГIабаш ГIабашилов**
ПатIимат МухIамаева

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГIайшат ХIалакъова

**Корректор**
Хадижат Дамаданова

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухIамадкарим ХIамзаев

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018
МахIачхъала,
Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахIачхъала
Пушкинил къватI, 6

«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.

Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 5009**

Газеталъул индекс: 51314
(бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».